## Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм

Илъэсыбэ хъугъэу шIуагъэ къытэу гъэсэныгъэ Iофым зэрэфэлажьэхэрэм, гурыт еджапIэм егъэджэн-пIуныгъэ Iофыр нахьышIоу щызэхэщэгъэным ашъхьэкIэ яIахьышхо зэрэхашIыхьэрэм, къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэм ягъэджэнрэ япIунрэкIэ гъэхъагъэхэр зэрашIыгъэхэм афэшI Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ афагъэшъошагъ:

**— БжьэшIо Рабиет Шакир ыпхъум,** МОУ-у «Тэхъутэмыкъое гурыт еджапIэу N 1-м» хьисапымкIэ икIэлэегъаджэ;

**— ЕмыкI Тэмарэ Мыхьамэт ыпхъум,** МОУ-у «Кощхьэблэ гурыт еджапIэу N 1-м» химиемкIэ икIэлэегъаджэ;

**— Тугъланэ Раситэ Заурбый ыпхъум,** МОУ-у «Кощхьэблэ гурыт еджапIэу N 2-м» информатикэмкIэ икIэлэегъаджэ;

**— Цалыкъ Сайхьат Мэджыдэ ыпхъум,** МОУ-у «Кощхьэблэ гурыт еджапIэу N 1-м» идиректор егъэджэн-пIуныгъэ IофымкIэ игуадзэ.

* * *

Илъэсыбэрэ гуетыныгъэ фыриIэу Iоф зэришIагъэм, хэдзакIохэм яфедэхэм зэрафэлэжьагъэм ыкIи общественнэ-политикэ IофшIэным чанэу зэрэхэлажьэрэм афэшI Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ фагъэшъошагъ **Къэбэртэе Аскэрбый Аслъанчэрые ыкъом,** муниципальнэ образованиеу «Адыгэкъалэ» инароднэ депутатхэм я Совет идепутат.

## Зыпкъ итэу Iоф ашIэ

Тызхэт лъэхъаным письмэзехьэу Iоф пшIэныр IэшIэхэп: пшIэщтыр бэ — лэжьапкIэр мэкIэ дэд. Iофыр ащ тетми, почтэм иIофышIэхэм ащыщ зырызхэм агу етыгъэу, зыпкъ итэу япшъэрылъхэр агъэцакIэх, цIыфхэр агъэразэх. Ащ фэдэу зищытхъу дахэкIэ аIорэмэ ащыщ къэлэ гъэпсыкIэ зиIэ поселкэшхоу Инэм иурамэу Октябрьскэм тет почтэ зэпхыныгъэм икъутамэ. Почтэр Инэм иурамэу зыщIэ къесIуагъэм иджабгъукIэ щыт. Унэу зычIэтыр инэп, цIыфыбэ чIафэрэп. Загъорэ къычIэкIыжьыщтхэм чIэхьащтхэр яжэхэу мэхъу. Iофыр ащ тетми, мыщ Iофышхо щызэшIуахы, лъэгъунэу иIэр къыфамыгъэцакIэу зы нэбгырэ къычIагъэкIыжьырэп. Ар къызыхэкIырэм зи шъэф хэлъэп, зэкIэ почтэм иIофышIэхэр зэдеIэжьыхэзэ Iоф ашIэ.

Лъэгъунэу цIыфхэм яIэхэр бэ ыкIи зэфэшъхьафых: зым письмэхэр зэригъэзэфэнхэшъ, псынкIэу ытIупщыхэ фае, адрэм ахъщэу къыфэкIуагъэр аIихыжьынэу мэгуIэ, ящэнэрэр гъэзет кIэтхэным ыуж ит, япIэнэрэм нэмыкI Iофыгъохэр иIэх.

БэкIаерэ мы почтэм сычIахьэу мэхъу, ары къэс иIофышIэхэм сафэразэу сыкъычIэкIыжьы: бэрэ укъаIыгъырэп, узэрагъажэрэп, уиIоф псынкIэу къагъэцакIэ. Почтэ зэпхыныгъэм иотделение ипащэу Цущэкъо Эммэ дахэкIэ зыщIэ къыриIорэмэ ащыщ Трэхъо Бэлэ. Ар оператор, исэнэхьат хэшIыкIышхо фыриI. Щытхъур яфэшъуаш письмэзехьэхэу Нина Астафьевам, Татьяна Потеряйло, Иныхъу МулиIэт, Екатерина Паршинам. Бзылъфыгъэхэм ялэжьапкIэ мэкIэ дэд, ау тхьаусыхэхэрэп, цIыфхэм зэрящыкIагъэхэр ащымыгъупшэу, хьалэлэу Iоф ашIэ.

***ХЪУЩТ Щэбан.***

ПШIЭМЭ КЪЫПШЪХЬАПЭЖЬЫЩТ

# Мэфэ фэбэшхохэм зишIуагъэ къэкIощтыр



Тызыхэт илъэсым игъэмэфэ мафэхэр зыфэдэ къэмыхъугъэу, щэчыгъуаеу фабэх, жъоркъых. ЦIыфхэм а фабэр зэпачыныр нахь псынкIэ къафэхъуным, псауныгъэм ащ зэрар римыхыным пае ашIэн фаеу медицинэм иIофышIэхэм игъоу алъэгъухэрэм кIэкIэу шъуащыдгъэгъуазэмэ, ишIуагъэ къэкIон тшIошIы. Сыда тшIэн фаеу ахэм къаIорэр?

**Псы нахьыбэу уешъощт.** Нэбгырэ пэпчъ мафэм псы литрэрэ ныкъорэ фэдиз решъу. Ау мэфэ фабэхэм псэу ишъушъурэр фэдищкIэ нахьыбэ шъуIыын фае. ЕтIани псы IэшIур, нектар зыхэлъыр арэп, псы къызэрыкIоу псынэхэм, кранхэм къарытхырэр, къарычъырэр ары медикхэм зыфаIорэр.

Мафэм ианахь жъоркъ уахътэу щытым — **сыхьатыр 12.00-м къыщегъэжьагъэу 16.00-м нэс урамым утемыхьэмэ, транспортым уимытIысхьэмэ нахьышIу.** А уахътэм къыкIоцI унэм уисымэ е IофшIапIэм учIэсымэ нахь тэрэз.

**Нахьыбэрэ зыбгъэпскIын фае.** ЦIыфым ыкIышъо жьыкъэщэпIэ орган фэдэу щыт. Ар къабзэ зыхъукIэ, нахь дэгъоу жьы ащ къыщэн елъэкIы. Ау псэу зызэрэбгъэпскIырэми уфэсакъын фае, ар чъыIэ дэдэ пшIы хъущтэп, температурэу пкъышъолым ыIыгъымрэ зызэрэбгъэпскIырэ псым иIэмрэ лъэшэу зэтекIы хъумэ, тхьабылхэм зэрар япхыщт, плъыр-стырыр къашIэн алъэкIыщт.

**Пчэдыжьымрэ пчыхьэмрэ амал зэриIэкIэ нахьыбэрэ къэпкIухьан, плъакъомэ уатетын фаеу** медикхэм алъытэ. Мэфэ фэбэшхом ащ фэдэ пшIэн фаеу ахэм зэраIорэр тIэкIу умыгъэшIэгъон плъэкIырэп, ау мэфэреным щысырэ цIыфым лъыдэкIуаер нахь зэхишIэщтэу, гулъынтфэ узым «зыкъыгъэлъэгъоным» ищынагъо нахь хахъоу, лъынтфэ кIоцIым ит лъыр нахь шIэхэу пцIэн ылъэкIыщтэу врачхэм къыхагъэщы.

Мэфэ жъоркъым, мэфэ фэбэшхом гъомылапхъэу бгъэфедэщтми мэхьанэшхо иI. Медикхэм зэралъытэрэмкIэ, **зэрэчъыIэу пшхын плъэкIыщт гъомылапхъэхэм нахь зяптымэ нахьышIу.** Тхъур бэу зыхэлъ щэхэкI гъомылапхъэхэмрэ лымрэ уиIанэ темытэу, пцэжъыемрэ хэтэрыкIхэмрэ нахьыбэ пшIыхэмэ, псауныгъэмкIэ нахь федэу ахэм къаIо.

**Гъомылапхъэу бгъэхьазырырэм икъу фэдизэу щыгъу хэплъхьан** зэрэфаери врачхэм къыхагъэщы, сыда пIомэ мэфэ фабэм цIыфым пкIантIэ бэу къехы, ащ къыхэкIыкIэ, пкъышъолым натриеу чIинэрэр нахьыбэ мэхъу. Ар игъэкъужьыгъэн фае.

Щыгъынэу зыщыплъэщтми унаIэ тебгъэтын фае. Ар IэшIэх дэдэу щымытми, **леным ыкIи бзыуцыфым (хлопок) хэшIыкIыгъэхэр** ары нахь къыхэпхынхэу щытхэр.

Мы чIышIэм джыри зы лъэныкъо къыщыхэдгъэщы тшIоигъу, ныбжьыкIэхэм ащ анаIэ тырадзэным тыщыгугъэу. Врачхэм бэрэ къаIо мэфэ фэбэшхохэм ялъэхъан лъэш дэдэу зыптIэкIынэу, майкэ кIэкIо цIыкIухэу нябашъор, бгъэр тэрэзэу зымыухъумэхэрэр пщыгъынхэр зэримыщыкIагъэр, псауныгъэм ащ зэрар зэрэрихырэр. **Щыгъын хьоо-пщаоу тыгъэм нахь уищызыухъумэнэу щытыр** ары зыщыплъэн фаер.

Непэ къэбгъотынэпщтын кондиционер зымыгъэфедэрэ цIыф. Ау ахэми уафэсакъын фае, **жьэу къапыкIырэр занкIэу къыптехьанэу пшIы хъущтэп,** сыда пIомэ жьы чъыIэу кондиционерым къыфырэмрэ бактерие зэфэшъхьафыбэу а приборхэм жьым къадихырэмрэ зызэхэхьажьхэкIэ, тхьабылым, жьыкъэщэпIэ органхэм зэрар арихыщт.

Джыри зы Iофыгъо медикхэм тынаIэ тырытагъадзэ ашIоигъу. Ар зыфэгъэхьыгъэр **газ зыхэт псы IэшIухэмрэ мороженэмрэ.** Ахэм къызэраIорэмкIэ, газ зыхэт псы IэшIухэм, анахь чъыIэр арыми, псыфалIэр пщагъэгъупшэрэп. Ау ахэм лъыр нахь Iужъу ашIы ыкIи пкъышъолым псыр икъоу къыхагъэкIырэп.

**Мороженэр** гъэмафэм цIыфхэм жъугъэу ащэфы. Зы бгъумкIэ, ащ пкъышъолыр егъэучъыIы, гуапэ пщэхъу. Ау медикхэм къыхагъэщы а гъомылапхъэм тхъур бэу зэрэхэлъыр, зэрэIэ-шIур ыкIи ахэм къахэкIыкIэ, **фэбэшхо лъэхъаным хэти нахь макIэу ар ыгъэфедэным пылъын** зэрэфаер.

*Зыгъэхьазырыгъэр ЖАКIЭМЫКЪО Аминэт.*



# Къэлэ сымэджэщым етыгъуагъ

**Адыгэ Республикэм хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ къызэритырэмкIэ, шышъхьэIум и 2-м къыщегъэжьагъэу и 8-м нэс республикэм бзэджэшIэгъи 188-рэ щызэрахьагъ. Ахэр укIыгъэ Iофэу 1, цIыфым ыпкъынэ-лынэ шъобж хьылъэхэр тыращагъэхэу 1, бзылъфыгъэм ебэныгъэхэу 2, хъункIэн бзэджэшIагъэу 3, тыгъуагъэхэу 47-рэ, машинэр рафыжьагъэу 2, гъэпцIагъэ зыхэлъ бзэджэшIэгъэ 14, экономикэм ылъэныкъокIэ бзэджэшIэгъэ 12, нэмыкIхэри.**

**БлэкIыгъэ тхьамафэм Адыгеим игъогухэм хъугъэшIэгъэ 14 къатехъухьагъэу гъогу-патруль къулыкъум ыгъэунэфыгъ. Ахэм нэбгыри 4 ахэкIодагъ, нэбгырэ 14-м шъобжхэр атещагъэхэ хъугъэ. Ешъуагъэу рулым кIэрысхэу водитель 21-рэ къаубытыгъ.**

ШышъхьэIум и 4-м, чэщым, къэлэ сымэджэщым икабинет горэм ишъхьангъупчъэ амыгъэунэфыгъэ бзэджашIэм IуикIыкIи, ащ чIэлъыгъэ системнэ блокыр, мониторыр, нэмыкIхэри чIитыгъукIыгъэх. Мы хъугъэшIагъэр къызыщыхъугъэ чIыпIэм правоухъумэкIо органхэр псынкIэу къэсыгъэх. Ахэм зэшIуахыгъэ оперативнэ-лъыхъон IофтхьабзэхэмяшIуагъэкIэ бзэджэшIагъэр зезыхьагъэр агъэунэфын алъэкIыгъ. Ащ илъэс 35-рэ ыныбжь, Мыекъуапэ щэпсэу. Джы ар къаубытыгъ, ытыгъугъэри къыIахыжьыгъ.

ШышъхьэIум и 5-м къутырэу Красный мост зыфиIорэм пэмычыжьэу речъэкIырэ псыхьоу Къурджыпсым инэпкъ дэжь автомобилэу «ДЭУ-МАТИС» зыфиIорэр къыщигъэуцуи, ар зые бзылъфыгъэр IукIыгъ. Ар къэтыфэ, бзэджашIэм сотовэ телефоныр, бзылъфыгъэм иIальмэкъэу документхэр ыкIи кредитнэ банковскэ карточкэр зыдэлъхэр машинэм ритыгъукIыгъэх. Пин-кодыр зытетхэгъэ тхьапэр IалъмэкъымзэрэдэлъыгъэмкъыхэкIыкIэ, карточкэм илъыгъэ сомэ мини 123-рэр бзэджашIэм рихын ылъэкIыгъ. МэфищымкъыкIоцI мы бзэджэшIагъэм икъыхэгъэщын милицием иIофышIэхэр ыуж итыгъэх ыкIи ашIагъэр хьаулые хъугъэп. Мы бзэджэшIагъэр зезыхьагъэу зэгуцэфэрэ кIэлакIэу станицэу Кужорскэм щыпсэурэр къаубытыгъ. Ытыгъугъэ сотовэ телефонри ащ къыIахыжьыгъ. Джы уплъэкIунхэр макIох.

Кощхьэблэ районым иуполномоченнэ участковэхэмрэ ОВД-м иуголовнэ розыск иоперативникхэмрэ зэгъусэхэу мы районым щызэрахьэгъэ бзэджэшIагъэр охътэ кIэкIым къыкIоцI зэхафын алъэкIыгъ. Следствием зэригъэунэфыгъэмкIэ, район гупчэм щыпсэурэ бзылъфыгъэ горэм иунэ бзэджашIэр ихьи, ащ илъыгъэ сотовэ телефонэу «Самсунг» зыфиIорэр ритыгъукIыгъ. Ау правоухъумэкIо органхэм зэшIуахыгъэ оперативнэ-лъыхъон Iофтхьабзэхэм яшIуагъэкIэ бзэджэшIагъэр зезыхьагъэр къаубытын алъэкIыгъ. Ар мы къоджэ дэдэм щэпсэу, илъэс 16 ыныбжь.

*2010-р — КIЭЛЭЕГЪАДЖЭМ и ИЛЪЭС*

# Гъогу шIагъо тет

Хъут1ыжъ Заурбэч Аслъанбый ыкъом 1993-рэ илъэсым Адыгэ къэралыгъо университетыр «Тарихъымрэ правовой дисциплинэмрэкIэ кIэлэегъадж» зыфиIорэ сэнэхьатыр иIэу къыухыгъ. Ащ IофшIэныр зэрэригъэжьагъэр Адыгэ къэралыгъо университетым тарихъымкIэ икIэлэегъаджэу ары. 1994-рэ илъэсым къэралыгъо къулыкъумкIэ Урысые Академиеу Урысые Федерацием и Президент дэжь щыIэм иаспирантурэ чIэхьагъ ыкIи экономикэ шIэныгъэхэмкIэ кандидат диссертациеу Iоф зыдишIагъэр къыщиушыхьатыжьыгъ. Ащ ыуж доцентыцIэр къыфаусыгъ ыкIи Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ институтым (джы университет) учетымкIэ, анализымкIэ ыкIи статистикэмкIэ икафедрэ ипащэу агъэнэфагъ.

А IэнатIэр шIэныгъэлэжь ныбжьыкIэм зэригъэцэкIэщтым пылъыгъ ыкIи ащ дакIоу научнэ-ушэтын Iофыри лъигъэкIотагъ. Темэу Iоф зыдишIэнэу къыхихыгъагъэр депрессивнэ регионхэм яэкономикэ хэхъоныгъэ егъэшIыгъэным ыкIи а лъэныкъомкIэ зиIофыгъохэр ыушэтырэ регионхэм зыпкъ итэу Iоф ягъэшIэгъэным ишIыкIэ-амалхэр къэгъотыгъэнхэр ары. 2003-рэ илъэсым Заурбэч къэралыгъо къулыкъум и Урысые Академиеу Урысые Федерацием и Президент дэжь щызэхащагъэм идокторантурэ чIэхьагъ ыкIи Iофыгъоу ыушэтыхэрэмкIэ 2009-рэ илъэсым экономикэ шIэныгъэхэмкIэ доктор диссертациер пхыригъэкIыгъ. Кафедрэм Iоф зыщыдишIэрэ дисциплинэ шъхьаIэхэмкIэ учебнэ-методическэ комплексхэр ащ рихъухьагъэх. Научнэ IофшIэгъэ щэкIым къехъу монографиехэу, учебнэ пособиехэу, научнэ статьяхэу ыкIи нэмыкI IофшIагъэу ащ къыхаригъэутыгъэхэр.

Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым иректор 2005-рэ илъэсым Iоныгъо мазэм и 1-м приказэу зыкIэтхагъэмкIэ, экономикэмрэ юриспруденциемрэ информационнэ системэхэр ащыгъэфедэгъэнхэмкIэ ифакультет зэхащагъэ ыкIи ХъутIыжъ Заурбэч ащ идеканэу агъэнэфагъ. Мыщ пыдзагъэу къэтIон ипрофессиональнэ нэшэнэ екIолIакIэхэр: IофшIэныр шIу елъэгъу, псынкIэу цIыфхэм агурэIо, кIэщэкIо чан, Iофым изэхэщэн фэкъулай. Ишэн зэтет, нэутх, цIыфышIу ыкIи гухэлъэу зыфигъэуцужьыгъэм дэмыхэу фэкIо.



ХъутIыжъым научнэ-ушэтын IофшIэнэу факультетым икIэлэегъаджэхэр зыпылъхэм зэрифэшъуашэу пэщэныгъэ адызэрехьэ. 2006-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу ащ иаспирантхэм чанэу экономикэ шIэныгъэхэмкIэ кандидат диссертациехэр пхырагъэкIыгъэх. МГТУ-р научнэ Iофэу зыпылъымкIэ научнэ-практическэ конференциехэу, «Iэнэ хъураехэу» ыкIи олимпиадэхэу зэхащэхэрэм ар якIэщакIу.

Экономикэ шIэныгъэхэмкIэ докторэу ХъутIыжъ Заурбэч, философие шIэныгъэхэмкIэ докторэу В. Ш. Бадмаевым, тарихъ шIэныгъэхэмкIэ докторэу Къудаикъо Светланэ «Интернет-портал по истории адыгов XIX века» зыфиIоу нэужым ащ пэщэныгъэ зыдызэрихьэщтыгъэр зэрагъэпсыгъэм пае Урысые гуманитар научнэ фондым игрант къыфагъэшъошагъ. Мыщ къеушыхьаты ХъутIыжъ Заурбэч ыIэ илъ кIэлэегъаджэхэм яквалификациерэ япрофессиональнэ шIэныгъэхэмрэ ахагъэхъонхэм лъэшэу ынаIэ зэрэтыригъэтырэр.

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Премьер-министрэр кIэтхэжьыгъэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет ипсьмэ Урысые Федерацием гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ иминистрэу А. Фурсенкэм фырагъэхьыгъагъ. Ащ къыщиIощтыгъ автоматизированнэ информационнэ системэ зэфэшъхьафхэр фитыныгъэхэр къэзыухъумэрэ органхэм аIэ къазэрэщырагъахьэхэрэр ыкIи игъэкIотыгъэу зэращагъэфедэхэрэр. Ахэр къыхэхыгъэнхэмкIэ ищыкIэгъагъэх информационнэ технологиемрэ фитыныгъэхэр къэзыухъумэрэ системэхэм ягъэпсынрэ хэшIыкI афызиIэхэр. Ахэм афэдэ специалистхэу правовой базэхэм яданнэхэр зыгъэпсынхэ ыкIи компьютернэ техникэм тегъэпсыкIыгъэу аналитическэ Iофыгъохэр зыгъэцэкIэнхэ зылъэкIыщтхэр къэгъэхьазырыгъэнхэм пае ищыкIагъэу хъугъагъэ сэнэхьатэу «Прикладная информатика в юриспруденции» зыфиIорэр. А лъэхъаным университетым иректорэу щытыгъэ ТхьакIущынэ Аслъанэ унашъо ышIыгъагъ «Информационные системы в экономике и юриспруденции» зыфиIорэ факультетыр къызэIухыгъэнэу. Ащ хахьэщтыгъэх зыфырагъэджэщт сэнэхьатхэу «Кризисым пэшIуекIорэ гъэIорышIэн», «Прикладной информатикэр юриспруденцием зэрэщыбгъэфедэщтыр» зыфиIоу Урысые Федерацием гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и Министерствэ игъоу ылъэгъугъэр.

МыхэмкIэ сэнэхьатыр зыIэ къизыгъахьэхэрэм зэрагъэшIэн фаеу къыделъытэ предприятием маркетингымкIэ иполитикэ шIуагъэ къэзытырэ ишIыкIэрэ ар зэхэщэгъэным иамалхэмрэ якъыхэхын зэрэкIорэр, платежхэр ытынхэ ымылъэкIыныр, зэтезыныр зыпкъ къикIыгъэр зэгъэшIэгъэнхэм апае бухгалтер учетым иданнэхэм атетэу предприятием икомплекснэ финанс анализ зэхэщэгъэныр, банкротствэр зэрарагъэкIокIырэ шIыкIэр, ахъщэр къыздырахыщт къэкIопIэ анахьышIум лъыхъугъэныр, нэмыкIхэри. Мыщ пыдзагъэу къэтIон федеральнэ, чIыпIэ муниципальнэ шапхъэхэм атегъэпсыкIыгъэу къэралыгъо органэу предприятиехэмрэ организациехэмрэ яфинансхэр зыпкъ игъэуцожьыгъэнхэм апылъхэм, мылъку лъэпкъэу ыгъэIорышIэрэр зыфэдэм емылъытыгъэу, предприятиехэм, чIыфэ зытелъ организациехэм яэкономическэ анализ, диагностикэ ыкIи прогноз шIыгъэнхэм апылъ къулыкъухэм, аудиторскэ, консалтинговэ ыкIи уасэ афэзыгъэуцурэ фирмэхэм Iоф ащишIэн зэрилъэкIыщтыр.

Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ гъэIорышIапIэхэм хэбзэ Iахьхэр атезылъхьэрэ органхэм, правопорядкэмкIэ, социальнэу ухъумэгъэнхэмкIэ органхэм, къэралыгъо статистикэм ыкIи зэфэшъхьаф зэхэщэкIэ-правовой гъэпсыкIэ зиIэ предприятиехэм ягъэIорышIапIэхэм яорганхэу компьютернэ оборудованиер, локальнэ вычислительнэ сетьхэр е функциональнэ процессхэм ящыкIагъэхэр аIэкIагъэхьанхэм пае информациехэр угъоигъэным, ухъумэгъэным, анализ, обработкэ шIыгъэным, нэужым зищыкIагъэм IэкIэгъэхьэгъэным апае глобальнэ информационнэ сетьхэм зэралъагъэIэсыщт амалхэр зищыкIэгъэ IофшIапIэхэм ащылэжьэнхэ альэкIынэуи щыт.

— Тиапшъэрэ еджапIэ къэзыухыхэрэм анахьэу зэхэщэн ыкIи пэщэныгъэ, проектнэ-техническэ, маркетинговэ, эксперт-нэ-ушэтын, аналитическэ, предпринимательскэ ыкIи эксплуатационнэ IофшIэнхэр зыщагъэцакIэхэрэр ары Iоф зыщашIэрэр, — еIо факультетым ипащэ.

Учетым, анализым ыкIи статистикэм якафедрэу факультетым хахьэрэр къызыфэгъэзагъэр экономикэ шIэныгъэхэмкIэ докторэу, профессорэу ХъутIыжъ Заурбэч ары. IэкIыб къэралыгъуабзэхэм якафедрэ зыIэ илъыр шIэныгъэлэжьэу Шъоджэ Зар, тарихъымрэ правэмрэ якафедрэ ипащэр Къудаикъо Светлан, ари тарихъ шIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ыкIи илъэс пчъагъэ хъугъэу щытхъу хэлъэу Iоф ешIэ.

Зигугъу къэтшIыгъэхэм афэдэу егъэджэн Iофыр факультетым щызыгъэцакIэхэрэр квалификацие ин зиIэ кIэлэегъаджэх. Ахэр профессорых, доцентых, экономикэ, тарихъ шIэныгъэхэмкIэ кандидатых ыкIи кIэлэегъэджэ шъхьаIэх, яIофшIэн зэпамыгъэоу, яшIэныгъэ хагъахъозэ, аспирантурэм, докторантурэм ащеджэх. А пстэури зыфэкIожьырэр ныбжьыкIэу рагъаджэхэрэм къыхахыгъэ сэнэхьатыр нахьышIоу зэраIэкIагъэхьаныр ары. Теорием изакъоп, практикэм ылъэныкъокIи яIофшIэн мэхьанэ икъу раты.

— Факультетым истудентхэм практикэр ащягъэхьыгъэным фэгъэхьыгъэ зэзэгъыныгъэхэр Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ, къэралыгъо статистикэмкIэ Федеральнэ къулыкъум Адыгэ РеспубликэмкIэ ичIыпIэ орган, къалэу Мыекъуапэ ипрокуратурэ ыкIи и УВД адытиIэу Iоф адэтэшIэ, — еIо Заурбэч.

ИкIэухым къыщытIон кураторхэм пIуныгъэ IофшIэныр группэхэм комплекснэу зэращызэшIуахырэр. «Кризисым пэшIуекIорэ гъэIорышIэн», «Юриспруденцием иприкладной информатик», «Экономикэм иприкладной информатик» зыфиIорэ сэнэхьатхэр къыхэзыхыгъэ студент бэдэдэ ныбжьыкIэ объединением хэт. Ахэр гражданскэ шэн-зекIокIэ тэрэзым рэгъуазэх, зэфэшъхьаф Iофтхьабзэхэм язэшIохын агу етыгъэу хэлажьэх.

***ШАКIО Мир.***

# ШIуагъэ къэзыхьыщт Iоф

Бэдзэогъум и 7-м телевидениемкIэ къагъэлъэгъогъэ къэтынэу «Шъхьэихыгъэу» зыфиIорэм тызыIэпищэу теплъыгъ, лъэшэуи тыгу рихьыгъ, гъэсэныгъэ-пIуныгъэмкIэ мэхьанэшхо иIэу, уилъэпкъ ишэн-хэбзэ дахэхэр уухъумэнхэм уфэзыщэрэ Iофэу щыт. Дэгъу дэдэу зэхащагъэ дэлэжьагъэхэми, «тхьашъуегъэпсэу» ятэIо.

Ухэтми, лъэпкъым иухъумэн уипшъэрылъ, КъурIан еджэу, зинэмаз уахътэ зыгъэцакIэу, тхьэшIошъхъунygъэ зиIэ нэбгырэ заулэу къытхэкIыхэрэр мыскъарэ тшIыхэу татегущыIэнэу щытэп, тащыгушIукIын, «Тхьэм нахьыбэ ешIых» пIон фае. Азэнаджэм ымакъэ укIэдэIукIмэ, гур мэушъэбы, нэпсыр къегъакIо, уигупсэу чIэунагъэхэр унэгу къыкIэуцох. Тинахьыжъхэр сыдигъуи шъхьэихыгъэу зэдэгущыIэхэу, зэупчIыжьхэу, хэсэ зэхахьэхэр ренэу яIэу къахьыгъ. ХэукъоныгъэзышIыгъэри агъэдаIоу, агъэукIытэу щытыгъ, цIыф пIуныгъэр лъэпкъым зэдыриIофыгъ. Джыри игъо шъыпкъ чылагъо пэпчъ зэхахьэ ашIымэ. НыбжьыкIэми Iушыхэр ахэтых, ахэм афэдэхэм тапэкIи уащыгугъы хъущт. ТицIыфхэр нахьыбэрэ зэхахьэхэмэ, шIуагъэ къыхьыщт. Уилъэпкъ уфэгумэкIыныр, ныбжьыкIэмэ щысэ дахэ ябгъэлъэгъуныр хэти ипшъэрылъ. ПIорэ къодыем фэдэна узэхахьэу, шъхьэихыгъэу узэдэгущыIэныр? Къэтынэу зигугъу къэсшIыгъэм хэлэжьэгъэ Сихъу ГъукIэ Мамхыгъэ къыздэхьагъэм къыщегъэжьагъэу сигъунэгъу. ЦIыф Iушэу, шъыпкъагъэ хэлъэу щыт, сыд упчIэ ептыгъэми, КъурIаным итыр къыбгурегъаIо, уедэIоу, уеупчIыжьэу узекIомэ, ухэукъощтэп. Ащ зыми ыгу хэкIын гущыIэ ыжэ къыдэкIырэп. «Зэгорэм арэущтэу щытыгъ...» оIокIэ хъуна?! Дунаир зытетми уеплъын фае.

Чылагъохэм нэжъ-Iужъ адэсыжьэп, ар гукъау, «жъы уимыIэу кIэ уиIэщтэп» аIо. Уушъэфынэу щытыжьэп тиныбжьыкIэмэ мыхъуныбэ къазэрахэкIырэр. Хэта зылъэгъугъэр адыгэ пшъэшъэжъые дахэм хъулъфыгъэ гъончэдж кIако щыгъэу, ныбашъор къыдэщэу, нэгу дахэр зэхэцIэлыхьагъэу, Iэбжъанэм мамунэм ылъабжъэ фэдиз икIыхьагъэу, ащ етIани сурэтыр тешIыхьажьыгъэу?! Сэ сыгу къео цIэу афаусыхэрэм яшэни, язекIуакIи афэдэ зэрэхъурэр. Тэрыба ахэр зиехэр? Тыдэ тыплъэра? Тэжъугъэухъумэба зэкIэми тынапэ! Урамым хьакъу-жъокъухэу тетынхэм нахьи Iэдэб дахэ ахэлъэу, унэгъо дахэ ашIэнэу дгъасэхэмэ нахьышIуба?! Тилъфыгъэхэм тэрэз къязыIорэм ыгу хэтымыгъэкIэу «Опсэу!» етIомэ, тызэдеIэзэ, тисабыйхэр тпIунхэ фае. Зигугъу къэсшIырэ къэтыным къыхагъэлэжьэгъэ ЛIыпцIэкъо Адам зыгъэсэгъэ ным хилъхьэгъэ шэн дахэм тетэу Iушэу, щысэшIу тыдэ кIоми къыщигъэлъагъоу мэпсэу, ныбжьыкIэми, лъэпкъым идахэ аригъэIоным фэгумэкIы. Ащ фэдэхэр къырагъэблагъэхэзэ зэIукIэгъу гъэшIэгъонхэр зэхащэхэмэ, «тэри щысэ атетхын» зыIон къыкъокIынэу тэгугъэ. Узэхахьэ къэс гур зэпэблагъэ мэхъу, нахьыбэу шIу пшIэным уфещэ.

Зигугъу къэсшIыгъэ къэтыным хэлэжьэгъэ Емыж Нурбыий, Ожъ Аскэрбыий, Сихъу ГъукIи, ЛIыпцIэкъо Адами тхьаегъэпсэух, ар зыгъэхьазырыгъэ Чэнышхэ Молидхъани тыфэраз. Лъэпкъым идахэ лъыжъугъэкIотэнэу тышъуфэлъаIо.

***ХЬАГЪУНДЭКЪО Щамсэт.***

Мамхыгъ.

ТЕКIОНЫГЪЭМ ия 65-рэ ИЛЪЭС МАКIО

# Ренэу щысэ тесхыщтыгъ

**Хэгъэгу** зэошхом тицIыфхэм текIоныгъэ къызщыдахыгъэр илъэс 65-рэ зыщыхъугъэм а заом чанэу хэлэжьэгъэ ыкIи IофышIэ дэгъу дэдэу щытыгъэ Ягъумэ Сулейман Зэчэрые ыкъом сыкъытегущыIэ сшIоигъу. Сэ къэзгъэшIагъэм ар щысэтехыпIэу сиI, щыIэныгъэм зыгорэ къыщызгъэхъугъэу щытмэ, сэркIэ а цIыф шIагъом ыпкъ къикIыгъэу сэлъытэ.

Сулейманрэ сэрырэ Ягъумэ Исхьакъ иунэгъошхо тыкъихъухьагъ. Сулейман сятэшэу Зэчэрые икIэлагъ. Ар илъэси 8-кIэ сэщ нахьи нахьыжъыгъ, къэзгъэшIагъэм сшынахьыжъ шъыпкъэм фэдэу ащ сеплъыгъ, сыд фэдэ лъэныкъокIи щысэтехыпIэу сиIагъ.

Сятэ Исхьакъ 1932-рэ илъэсым идунай зехъожьым, ащ иунэгъошхо унэгъуитIоу зигощын фаеу хъугъагъэ. Сятэ зэрылIыкIыгъэр псыхъоу Пшызэ гъэтхэпэ мазэм иапэрэ мафэхэм лъэшэу къызеум, цIыфхэр ыкIи былымхэр мылыпс чъыIэм щиухъумэхэзэ, сымаджэ зэрэхъугъагъэр ары. Нэбгырих зэрыс хъугъэ унагъор сянэ ФатIимэт къылъэхэнагъ, нэбгырихыр зэрысынэу хъугъэ унагъор Сулейман янэ ШыпхъукIасэ къыфэнагъ. Арэущтэу хъугъагъэми, унэгъуитIум арысхэм блэгъэныгъэ зэфыщытыкIэу яIэм хэмыхъуагъэмэ, зи хэкIыгъэп.

1933-рэ илъэсым ФатIимэтрэ ШыпхъукIасэрэ къуаджэу Козэт дэтыгъэ унэу зыщыпсэущтыгъэхэр, зэкIэ мылъкоу яIагъэр, чIыгоу агъэлажьэщтыгъэр аIахыгъагъэх. Ахэм хэдзынхэм ахэлэжьэнхэм ифитыныгъэ яIагъэп, ар хэгъэкIи, колхозым Iоф щашIэни фитыгъэхэп. НэбгыритIуми хэдзынхэм ахэлэжьэнхэмкIэ яфитыныгъэхэр 1936-рэ илъэсым зыпкъ рагъэуцожьыгъагъэх, ащ ыужкIэ политическэ репрессиехэм законым димыштэу лые зэрихыгъэхэм ащыщхэу зэкIэ зэрагъэмысагъэхэр атырахыжьыгъагъ.

Къинибэу арагъэлъэгъугъэр зэпачыгъ, бзылъфыгъитIури лыеу арахыгъэм къыуфагъэхэп. Ащ ишIуагъэкIэ, яунагъохэм арысхэр IофшIэныр шIу алъэгъоу, цIыфыгъэ дахэм рыгъуазэхэу апIунхэ алъэкIыгъ.

ФатIимэтрэ ШыпхъукIасэрэ политическэ репрессиехэм ялъэхъан къинибэ зэпачыгъэми, Совет хабзэр, Коммунистическэ партиер, къэралыгъомрэ партиемрэ япащэу И. В. Сталиныр зыкIи агъэмысагъэхэп. Ахэм яцыхьэ пытэ зытелъыгъэр къуаджэм щыпсэущтыгъэхэм ащыщхэу бзэгу зыхьыгъэхэм а бэлахьэ пстэури къазэрафахьыгъэр ары.

Ащ фэдэ уахътэм Совет къэралыгъом тырипатриотэу, СССР-м социализмэр щыгъэпсыгъэным ибэнакIохэм ясатырэ тыхэтын тлъэкIынэу тапIугъ. Сулеймани сэри Советскэ Союзым и Коммунистическэ партие тыхэхьагъ. А партием Сулейман фронтым Iутэу хэхьагъ, сэ хы ШIуцIэ флотым иштаб икомандэ дзэ къулыкъур щысхьызэ КПСС-м сыхэтынымкIэ кандидатэу саштэгъагъ.

Сулейман 1940-рэ илъэсым Тэхъутэмыкъое гурыт еджапIэм я 8-рэ классыр къыщиухи, чIыпIэ колхозым Iоф щишIэу ригъэжьэгъагъ. Мамыр IофшIэныр Хэгъэгу зэошхоу къежьагъэм бэмэ афызэпигъэугъагъ. Джащ тетэу, илъэс 19-м итэу 1941-рэ илъэсым чъэпыогъум и 15-м Сулейман заом ащагъ. Артиллерийскэ курсхэр къызеуххэм, Къырым ит къалэу Феодосие дэжь фронтым апэу щыIухьагъ. Ащ ыуж я 75-рэ шхончэо дивизием ия 422-рэ артиллерийскэ полк дзэ къулыкъур щихьынэу хэфэ. Ащ хэтэу Сталинград къэухъумэгъэным иIахьышIу хешIыхьэ. Ащ фэшI медальхэу «За боевые заслуги» ыкIи «За оборону Сталинграда» зыфиIохэрэр къыфагъэшъуашэх.

Сталинград дэжь пыир зыщызэхагъэтэкъо нэуж ащ къыкIэлъыкIогъэ зэошхоу Орловскэ-Курскэ дугам щыкIуагъэми Сулейман хэлэжьагъ. Ащ лIыгъэу щызэрихьагъэм ишыхьатэу Жъогъо Плъыжьым иорден къыфагъэшъошагъ.

Джащ фэдэу къалэхэу Чернигов, Каленковичи, Брест ыкIи нэмыкIхэр шъхьафит шIыжьыгъэнхэм афэгъэхьыгъэ зэо пхъашэу кIуагъэхэм адыгэ кIалэр чанэу ахэлэжьагъ. Ащ фэшI дзэкIолI Щытхъум иорденэу ящэнэрэ степень зиIэр къыратыгъ.

Я 76-рэ гвардейскэ Черниговскэ шхончэо дивизиеу Сулейман къулыкъур зыщихьыщтыгъэр фэшъхьаф тидзэхэм ягъусэу псыхъоу Одер зэпичи, фашист Германием ичIыгу щыкIогъэ заохэм ахэлэжьагъ. Ащ лIыгъэу къыщыхэфагъэм фэшI Жъогъо Плъыжьым иятIонэрэ орден къыфагъэшъошагъ. Заор къалэу Кенигсберг (джы Калининград) щиухыгъ. Боевой наградэу иIэхэм аужырэу къахэхъуагъ медалэу «За победу над Германией» зыфиIорэр.

Хэгъэгу зэошхоу илъэсиплIэ кIуагъэр 1945-рэ илъэсым ижъоныгъокIэ мазэ аухыгъ. Сулейман ащ ыужи илъэсым ехъурэ дзэм къулыкъу щихьыгъ. 1946-рэ илъэсым ишэкIогъу мазэ СССР-м и УIэшыгъэ КIуачIэхэм илъэситфым захэт нэуж гвардием истаршинау Ягъумэ Сулейман заом лIыгъэу щызэрихьагъэм фэшI боевой наградэхэу 6 къыфагъэшъошагъэу къыгъэзэжьыгъ.



Зэо ужми фронтым Iутзэ лIыгъэу зэрихьагъэм фэшI Хэгъэгу зэошхом иорден ыкIи Жуковым имедаль Сулейман къыратыгъэх. Заом къыщигъэхьагъэу пстэумкIи наградэ 17, ащ щыщэу ордени 4 иIагъэх.

1947-рэ илъэсым ищылэ мазэ къуаджэм дэт колхозым итхьаматэ игуадзэу ыкIи хъызмэтшIапIэм ипартийнэ организацие исекретарэу Сулейман IофшIэныр ригъэжьэжьыгъ. КПСС-м ирайком колхозхэм япэщэ IофышIэхэр гъэхьазырыгъэнхэмкIэ мэкъумэщ илъэсищ еджапIэу Краснодар къыщызэIуахыгъэм егъакIо. Ар къызеухым зэхагъэхьажьыгъэ колхозэу Сталиным ыцIэ зыхьэу зигупчэ къуаджэу Тэхъутэмыкъуае дэтыгъэм икомплекснэ бригадэу къуаджэу Козэт щыIагъэм иагрономыгъ ыкIи ибригадирыгъ. Къуаджэр Адыгэ хэтэрыкIлэжь совхозым ия 5-рэ отделение зашIыжьым, ащ пэщэныгъэ дызэрихьагъ. В. И. Лениныр къызыхъугъэр илъэси 100 зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэ медалыр къыфагъэшъошагъ. 1989-рэ илъэсым Сулейман пенсием кIуагъэ.

Заомрэ IофшIэнымрэ апсыхьэгъэ Сулейман пенсием зэкIом зи ымышIэу щысышъугъэп. Ихатэ дишIыхьэгъэ теплицэхэм нэшэбэгур, помидорыр ыкIи фэшъхьаф хэтэрыкIхэр къащигъэкIыщтыгъэх. Ежь иунагъо ыкIи икIалэхэм унагъоу ашIагъэхэм афикъун хатэм къыдихыщтыгъ, къялыекIырэр бэдзэрым щащэщтыгъ. Илъэс 82-м итэу 2003-рэ илъэсым Ягъумэ Сулейман идунай ыхъожьыгъ.

Апшъэрэ гъэсэныгъэ имыIагъэми, цIыф Iушэу ыкIи талант хэлъэу зэрэщытыгъэм яшIуагъэкIэ, Iофэу зыфагъэзэрэр ищыкIагъэм лъыкIахьэу Сулейман зэшIуихын ылъэкIыщтыгъ. Анахьэу ишIуагъэ къызщигъэкIуагъэр мэкъумэщ хъызмэтыр ары.

Сулейман иинагъэкIэ лIы гурытэу, ынэгукIэ дахэу, шIыкIашIоу щытыгъ. Ренэу зэкIужьэу фэпэгъагъэ. Ащ изекIокIэшIыкIэхэм, дахэу зэрэтхэщтыгъэм сэ ренэу щысэ атесхыщтыгъ.

Сятэ Исхьакъ фэгъэхьыгъэу Сулейман къыIуатэщтыгъэр бэ. Сэри ышнахьыкIэ шъыпкъэм фэдэу ренэу къысфыщытыгъ. Ащ фэдэ фыщытыкIэу къысфыриIагъэм изы щысэ къэзгъэлъагъо сшIоигъу. 1945-рэ илъэсым ишэкIогъу мазэ дзэм къикIи къуаджэм ар къэкIогъагъ. Заор зыщыкIогъэ илъэси 4-м къуаджэм къыдэмыхьэгъэ ыкIи янэрэ ышыпхъухэмрэ зымылъэгъугъэхэ кIалэр ахэм адэжь мыкIоу тэ къытхэхьагъ. Апэу сэ сыIукIэнэу хъугъэ. Сэ а лъэхъаным Краснодар дэтыгъэ гурыт еджапIэу N 8-м сыщеджэщтыгъ, мэшIокугъогу вокзалым къикIи, ащ къакIуи, еджапIэм ипащэхэм сакъыIихи, къуаджэм тыкъызэдэкIожьыгъагъ.

СыныбжькIэ къыстефи дзэ къулыкъум сызащэм, ащ ищысэ сырыгъуазээзэ илъэси 5-м къыкIоцI СССР-м и Дзэ-Хы КIуачIэхэм сахэтыгъ. Сшынахьыжъэу слъытэщтыгъэм ищысэ сызэрэрыгъуазэрэм къулыкъур схьыныр псынкIэ къысфишIыщтыгъ.

Ащ ренэу къысиIощтыгъ еджапIэм дэгъоу сыщеджэн, апшъэрэ гъэсэныгъэ зэзгъэгъотын ыкIи щыIэныгъэм чIыпIэ тэрэз щысыубытын зэрэфаер. Ахэр згъэцэкIэнхэм сэри сишъыпкъэу сыпылъыгъ. Краснодар дэт гурыт еджапIэм я 4-рэ классым щегъэжьагъэу я 8-рэ классым нэс сыщеджагъ. 1954-рэ илъэсым дзэ къулыкъум сыщыIэу Севастополь дэтыгъэ пчыхьэ еджапIэр къэсыухи, 1955-рэ илъэсэу дзэ къулыкъум сыкъызщыхэкIыжьыгъэм Краснодар дэт пединститутым ифизикэ-хьисап факультет сычIэхьагъ ыкIи ащ ипчыхьэ отделение 1960-рэ илъэсым къэсыухыгъ. Илъэс 51-рэ Iоф сшIагъэ, ащ щыщэу илъэс 31-м партийнэ-советскэ IофшIэным сыфэгъэзэгъагъ. Тыдэрэ чIыпIэ сыщылэжьагъэми, сшынахьыжъэу Сулейман щысэтехыпIэу сиIагъ.

Непэ Сулейман къытхэмытыжьми, ащ игъогу лъагъэкIуатэ икIалэхэм, ахэм къапыхъожьыгъэхэм. Ежьыррэ ишъхьэгъусэ Асыетрэ пшъэшъитIурэ зы кIалэрэ къафэхъугъ. Асыет еджапIэм хьисапымкIэ илъэсыбэрэ щыригъэджагъэх, народнэ депутатхэм я Адыгэ хэку Совет идепутатыгъ, мамырныгъэр къэухъумэгъэным и Краснодар краевой комитет хэтыгъ. Ащ медальхэу Хэгъэгу зэошхом илъэхъан дэгъоу Iоф зэришIагъэм фэгъэхьыгъэр ыкIи Хэгъэгу зэошхомрэ IофшIэнымрэ яветеранэу зэрэщытыр къэзыгъэлъагъохэрэр къыфагъэшъошагъэх.

ЗэшъхьэгъуситIум япшъашъэу Светланэ апшъэрэ гъэсэныгъэ зэригъэгъотыгъэу къалэу Краснодар щэлажьэ. ЯтIонэрэ пшъашъэу Минэ муниципальнэ образованиеу «Тэхъутэмыкъое районым» финансхэмкIэ игъэIорышIапIэ ипащ. ЯкIэлэ Нухьэ фирмэу ООО-у «Гарантия» зыфиIорэм игенеральнэ директор, «Адыгэ Республикэм изаслуженнэ псэолъэшI» зыфиIорэ щытхъуцIэр къыфагъэшъошагъ. Ащ ишъхьэгъусэ Фатимэ къалэу Краснодар дэт тучанэу сантехническэ пкъыгъохэр зыщащэхэрэм ипащ.

Сулейманрэ Асыетрэ къахэкIыгъэхэм къафэхъугъэхэ Ларисэ, Саидэ, Светэ, Сусаннэ щыIэныгъэм яфэшъошэ чIыпIэ щаубытыгъ. Ахэм зэкIэми Краснодарскэ къэралыгъо университетыр къаухыгъ. Ларисэ культурэмкIэ Краснодар университетым идоцент, аспирантурэр къеухы. Саидэ аспирантурэр къыухи, экономическэ шIэныгъэхэмкIэ кандидат хъугъэу университетым кIэлэегъэджэ шъхьаIэу щэлажьэ. Светэ иунагъокIэ Объединеннэ Арабскэ Эмиратхэм ащэпсэу. Сусаннэ предприниматель IофшIэным пылъ. Ахэм къапыхъожьыгъэхэ Ясминэ, Амирэ, Айман, Аминэ, Инал ятэ-янэхэм анапэ зэрэтырамыхыщтым сицыхьэ телъ.

*ЯГЪУМЭ Хьазрэт.*

**Адыгэ Республикэм и Президент дэжь нахьыжъхэм я Советэу щыIэм хэт, Адыгэкъалэрэ Теуцожь районымрэ яцIыф гъэшIуагъ.**

Сурэтым итыр: **Ягъумэ Сулейман.**

# Гум лъагъо фэзыгъотырэ псалъ

## (Цуекъо Юныс къызыхъугъэр илъэс 70-рэ хъугъэ)

**Цуекъо Юныс** лъэгапIэу непэ зылъыIэсыгъэм псынэкIэчъкъежьапIэу фэхъугъэр ар къызыщыхъугъэ адыгэ чIыгур ары. Ныдэлъфыбзэм иIэшIугъэ апэу ащ зыщызэхишIэгъэ чылэ зэкIэупкIагъэу Хьалъэкъуай ары. Адыгэ намысыр, къэрарыр ыкIи гукIэгъур зэрылъ лэжьэкIо унэгъо Iужъум 1940-рэ илъэсым шъэожъые нэшIуцIэ цIыкIур къихъухьагъ. ГумэкIыр зыщыбэ илъэсхэм (илъэс ыныбжьыгъ Хэгъэгу зэошхор къызежьэм) цIыфхэр гузэжъогъу-тхьамыкIагъоу зыхэфагъэхэр сабыим ынэ кIэкIыгъэх; зэдеIэжь-зэгурыIожь унагъоу зэшибгъурэ зы шыпхъурэ къызыщытэджырэм ицIыкIугъо зэфэгумэкI-зэдэIэпыIэжьым иIэшIугъэ икъукIэ щызэхишIагъ. Пшысэхэм ядунай пыдзагъэу лъэс лъэгъо цIыкIоу ублэпIэ еджапIэм езыщэлIагъэм изэхэшIыкI тхылъхэм зырагъэIэтыгъ, икIэлэегъаджэу Хъодэ Якъубэ ихьатыркIэ литературэр шIу ылъэгъугъ, зэхэлъхьан-тхэным ыгу къыфэущыгъ. Иапэрэ усэ-сатырхэр зыми римыгъэлъэгъухэу, ыушъэфхэу илъэс шIукIае къызэпичыгъ. Ау ащ игупсэ цIыфхэу зигугъу къэсшIыхэрэр, чылэдэсхэу мафэ къэс зыIукIэщтыгъэхэр прототипхэу нэужым Цуекъо Юныс ытхыгъэ новеллэхэм, повестьхэм, романхэм мызэу-мытIоу тащырихьылIэщт, ахэм яакъылрэ яцIыфыгъэ инрэ лирическэ сюжетым щыпхыращырэ гъогоу блэкIыгъэ лIэшIэгъухэмрэ непэрэ мафэхэмрэ зэзыпхырэ янэрымылъэгъу лъэмыдж тытыращэщт...

Цуекъо Юныс иапэрэ Iотэжьхэр, новеллэхэр хэку гъэзетэу «Социалистическэ Адыгеим», альманахэу «Зэкъошныгъэм» къызыхаутхэм, лирикэм рыгъозэрэ прозэм гъэхъэгъэ шIукIаехэр тилитературэ щишIыгъагъэх: Еутых Аскэррэ Iэшъынэ Хьазрэтрэ яновеллэхэм ыкIи повестьхэм амалыкIэхэр ащаушэтыгъэх, цIыфхэр зыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэм нахь афэгъэзагъэхэу, гум екIурэ лъагъохэр игъэкIотыгъэу пхыращыгъэхэу щытыгъэх. Ахэм ялирикэ-психологическэ прозэ ифэмэ-бжьымэ икъукIэ пкъырыхьагъэу Цуекъо Юныс тхэныр регъажьэ.

Чылэу къызыщыхъугъэм, иIахьылхэм, икъоджэгъухэм мыкIосэжьын шIулъэгъоу афишIыгъэр яадыгэ нап, яцIыфыгъэ дах Цуекъом иапэрэ Iотэнхэм купкI афэхъугъэр; итворчествэ цIыфхэм алъыIэсыныр зыщыригъэжьагъэр Адыгэ радиор ары. ТхэкIо ныбжьыкIэхэм язэIукIэу 1979-рэ илъэсым Москва щыкIуагъэм хэлажьэ, СССР-м иписательхэм я Союз хахьэ. 1973-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу альманахэу «Зэкъошныгъэм», урысыбзэкIэ зэдзэкIыгъэхэу журналэу «Литературная Адыгея» ыкIи сборник зэфэшъхьафхэм къыхаутых Цуекъом иIотэжьхэу ыкIи новеллэхэу «КъэкIожь, Титу цIыкIу, къэкIожь...», «Тыгъэр лъагэу къыдэкIоягъ», «Хьалыгъу тэбэрыдзэ тыгъэжъый», «Бэчмызэ ишъэф», «ЛIы зыдэмысыжь къуадж», «Чэу никъоIыхь», «Къушъхьэ чыжьэмэ япщыналъэхэр», «Орэдыжъ». Адыгэ къуаджэм идунай ары мычъэкъожь псынэкIэчъэу ащ ихудожественнэ гупшысэ лъапсэ фэхъурэр. Ежь ышъхьэкIэ пэкIэкIыгъэр, гум зэхишIагъэу илъэсхэм къапхырыкIыгъэр, ицIыкIугъом къыщыублагъэу ыгу пэблагъэ хъугъэ образхэр, гупшысэхэр цIыфхэм алъигъэIэсхэмэ шIоигъу.

ГучIэм лъыIэсырэ псалъ тхакIор ренэу зылъыхъурэр. Лъэпкъ зэфыщытыкIэр ыкIи психологиер, лъэпкъ шэныр ыкIи гумэкIыр Цуекъо Юныс иапэрэ Iотэнхэм, новеллэхэм IупкIэу къахэщыгъ, гуманизмэм игурышэ зыхэплъэгъорэ лъагъо ащ тилитературэ зэрэщыпхырищырэр нафэ къэхъугъ. Шъырытэу, зыпкъ итэу ащ пхырищырэ лъагъом нэфапIэ къыщыхъугъэх тхакIом ыгу нахь зыфэщэгъэ темэхэр, гупшысэхэр: цIыф зэфыщытыкIэ дахэм напэр къызэригъэдахэрэр, хымэ лыуз зэрэмыхъурэр, зы цIыфым адрэ цIыфым ыл фэузыжьын зэрэфаер, лъэпкъым лIэшIэгъухэм къакIоцI намысэу ыкIи гушъхьэлэжьыгъэу зэIуигъэкIагъэр, къылэжьыгъэр гъэлъэпIэгъэн, къэухъумэгъэн зэрэфаер.

Непэ фэдэу сыгу къэкIыжьы Цуекъом иапэрэ повестэу «Хымэ лыуз» зыфиIорэм фэгъэхьыгъэ сирецензиеу хэку гъэзетэу «Социалистическэ Адыгеим» къыхиутыгъагъэр (щылэ мазэм и 25-рэ, 1979 илъэс). Ащ сэ шъхьэу фэсшIыгъагъэр «ЦIыфыгъэм гумэкIыр ишапхъ». Илъэс тIокI тешIэжьыгъэми, повестым есIолIэгъагъэхэм непи сарыкIэгъожьырэп. Повестым игерой шъхьаIэу, мэз академиер къэзыухыгъэу къуаджэм къэкIожьырэ ЛIыпцIэкъо Орзэмэси, ащ шIу ылъэгъурэ Тыжьынэу драмтеатрэм иартистки, былымэхъо фермэм изаведующэу Хъаныи, Сэтэнэекъо Шъэуаеу щыIэныгъэм гъогу псынкIэ щылъыхъунэу «зишIулъэгъуныгъэ ишыуш чыжьэу мычъэрэри» янасып фэбэнэнхэ фаеу мэхъух. ШIуагъэу фэплъэгъунэу щыт авторым ащ фэдэ зэмызэгъыныгъэхэр къыгъэлъэгъонхэм зызэращимыдзыерэр. Адыгэ лирическэ прозэм ишъуашэ илъэу тхыгъэ Iотэжьхэм ыкIи повестьхэм яшэн-хабзэхэр Цуекъом Iэубытыпlэ зэришIыхэрэр мы произведением IупкIэу къыхэщы.

Непэ тызыхэт дунай зэокIыгъэмкIэ мы повестым бэ узэригъэгупшысэрэр. ЦIыфыгъэм, зэдеIэжьыным, гукIэгъум имашIо агъэкIуасэрэп. Хымэ лыуз зэрэмыхъурэм ифилософие алъ щыщэу мэпсэух Орзэмэси, Кулсоми, Тыжьыни, Хъаныи, Сымсури. ЦIыфым фапшIэрэр щыгъупшэу, зэхимышIыкIэу зыIорэ Шъэуаем пэшIуекIоу Орзэмэс къеIо: «Хымэ лыуз хъурэп, Шъэуай. Зиунагъо бэгъон, зы нэпкъым утеуцоу уджэмэ, адрэ нэпкъыри къыппэджэжьы... Сэ сиIахькIэ зым илыуз адрэм илыузэу къысшIошIы, ШIум цIэ гъэнэфагъэ иIэу щытэп. Мары, мары ар зэрэпшIыщтыр пIонэу рецепти щыIэп».

Повестэу «Къэзыгъэзэжьырэ ижъырэ шыухэм» игупчэ итэу Мэзлэкъо Сэти — кIэлакI, апшъэрэ еджапIэр къеухы пэт, исэнэхьаткIэ археолог, къэбарыжъ горэу чылэм бэшIагъэу щызэрахьэрэм ылъэпсэ шъыпкъэ зэригъэшIэн гухэлъ иIэу чылэм къэкIожьы. Сэт ыгу къабзэ, иакъыл чан, игухэлъхэр дахэх. ЦIыф зэхэтыкIэ дахэр унагъом илъ. А зэпстэури повестым Iофыгъо шъхьаIэу кIоцIылъым кIэрычыгъэхэ фэдэу къыпшIошIыщт шъхьаем, уегупшысаIомэ, къэошIэ шIур, зэфагъэр, зэхэтыкIэ дахэр, ныбджэгъуныгъэр, щыIэныгъэр зыгъэпытэрэр. ЗэфэгумэкIхэу, зэгурыIожьхэу псэурэ цIыфхэр къоджэ рэхьатым щызэныбджэгъухэп, лIэкъо пстэури ныбджэгъугъэ-хьалэлыгъэу, гуихыгъэу зэфыщытхэп... Аужыпкъэм блэкIыгъэм ахэм «икIэрыкIэу гузэгъабгъэ зэфыхахыжьы». Къэбар пхэнджэу зэгорэм Iугъэ хъугъэм «лIакъохэр зэфегъэблых, зымышIэрэм зыгорэ дэдэ щыIэу шIуегъэшIы».

Ишъыпкъапlэ зыми ымышIэми, Чылэстэнхэмрэ Мэзлэкъохэмрэ нэмыплъ зэрахы, зэхахьэхэрэп. Художественнэ конфликтми ар лъапсэ фэхъу. ЛIэкъуитIум язэпыйныгъэ зэман чыжьэу блэкIыгъэм къыщежьэ. А зэпстэум алъапсэ зэригъэшIэнэу джы Iуашъхьэу Чылэстэн Мамыкъ зычIэлъэу Осмэн зыщыгугъырэр, лIэкъо тамыгъэу а къыухъумэрэр Сэт ытIынэу фежьэ. Къэжъым къычIахыгъэ хьапщыпхэм къызэрагъэлъагъорэмкIэ, гъукIитIоу зэныбджэгъугъэхэр пыи зэфэхъугъэхэп. ЩыIэныгъэм идиалектикэ тхакIом гъунэ лъефы, лъэныкъуабэ къызэлъиубытымэ шIоигъу.

ЩыIэныгъэм ишъыпкъэщ къыхэхыгъэхэу, цIыфхэм яшIуагъэ арагъэкIынэу, Iофыгъо гъэнэфагъэхэр зэрафэх «Хымэ лыузым» игупчэ ит ЛIыпцIэкъо Орзэмэси, «Къэзыгъэзэжьырэ ижъырэ шыухэм» игерой шъхьаIэу археолог ныбжьыкIэу Мэзлэкъо Сэти, «КъэшъуакIом икъамэ» исюжет зэпхыгъэу шIэныгъэлэжьэу Жанэкъо Къасими, «Iэлъыныр Iапэм пызырэп, е Зы шIулъэгъу итхыдэм» хэт апшъэрэ гъэсэныгъэ зиIэ мэзпэсэу Мэджыкъо Дэдауи. Мыхэр зэкIэ ныбжьыкIэх, агухэр гухэлъышIухэм афэблэх, IофыкIэхэр зэрафэх, лъэпкъым игушъхьэлэжьыгъэ хахъо рагъэшIымэ ашIоигъу, зыгорэ къызэIуахыным ыуж итых. ЯцIыф шэн-гъэпсыкIэкIэ, ясэнэхьаткIэ, ятеплъэIуплъэкIэ мыхэр зэтекIых нахь мышIэми, щыIэныгъэм еплъыкIэу фыряIэмкIэ, шIум, дэхагъэм зэрэфэщагъэхэмкIэ, ячIыгу зэрэфэшъыпкъэхэмкIэ зэпэблагъэх, лъэпкъым иидейнэ-нравственнэ шапхъэхэм арэгъуазэх. Зэфэдэхэу романтикых пIоми ухэукъощтэп.

Повестэу «КъэшъуакIом икъам» зыфиIорэм ыгупчэ ит научнэ IофышIэу Жанэкъо Къасимэ зыгъэгумэкIырэм урегъэгупшысэ: цIыфхэм ящыIакIэ мафэ къэс нахь фэшIыгъэ мэхъу. Унэ тегъэпсыхьагъэхэр, мебель хэшыпыкIыгъэкIэ кIэракIэхэу ашIых. Хрусталыр, зэмышъогъоу къэзыгъэлъэгъорэ телевизорыр, магнитофон лъапIэр, алырэгъур, пианинэр ащ рагъэуцо, ящагу «Жигули» е «Волгэ» къыдэчъы. Ау мылъкум цIыфхэр зэщефых, дехьыхых, былымым бэмэ япсихологие лые рехы, цIыфыгъэм, адыгагъэм, гукIэгъум инэу къыкIачы, шэн-хэбзэ дахэхэр чIанэжьых, ахэр агъэлъэпIэжьхэрэп. Лъэпкъым къыкIэныгъэ кIэн лъапIэкIэ ежь героим ылъытэхэрэм чылэдэсхэм хъатэ пахыжьырэп. Ежь Жанэкъом янэшэу чылэм дэсым етIэбэе унэжъ цIыкIоу къызэрыхъухьагъэр зэуи шIомышIэу бульдозерымкIэ зэхегъэтакъо, ятэ илъэс пчъагъэм ыугъоигъэ унэгъо IэпIэжъхэр, пхъэшIэ, шъошIэ, гъукIэ Iэдэодэжъхэр ретэкъужьых. Уижъ умыгъэлъапIэу, уишэн-хабзэхэр къэмыухъумэу, уилъэпкъ ынапэ умыгъэлъапIэмэ, «сыцIыф» оIокIэ сыда къикIырэр? «Унэ дэгъу сиI, сшхын тIэкIу сэгъоты» оIокIэ, плъапсэ умышIэжьэу, ащ гъунэ лъымыфэу, лIэшIэгъухэм къакIоцI уилъэпкъ ыгъэлъэпIагъэр хъэтэпэмыхь ошIымэ, ущымыIэпIалъ.

Цуекъор нахьыбэу зыгъэгумэкIырэр хъугъэ-шIагъэхэр арэп: ащ еплъыкIэу, цIыфыгъэ екIолIакIэу персонажхэм афыриIэр ары нахь. ГукъэкIыжьхэм, диалоглхэм, геройхэм яIэкIоцI гупшысэхэм, язекIокIэ-шIыкIэхэм мэкIэмакIэзэ ащ яцIыфыгъэ напи яшэнхэри къащагъэлъагъох.

Повестэу «КъэшъуакIом икъамэ» джыри зы нравственнэ Iофыгъо ин Цуекъом къыщеIэты: хэта цIыф шъыпкъэр — народым къин къыфыкъокIымэ зышъхьэ нэмыкI Iоф ымыгъэгумэкIырэр ара, хьауми ихэгъэгу фэшъыпкъэр ара? IупкIэу къэтыгъэу хъугъэ къумалэу Къэзаныкъо Оркъыжъыерэ Жанэкъом янэшэу фашистмэ якIодылIэгъэ Къаймэтыкъо Зэбанэрэ къызыщышъохэрэ джэгур. Оркъыжъые нэмыц офицерым зыфигъэцIыкIоу лъэгукIэтын зыфешIымэ, Зэбан илIыхъужъ къашъокIэ ащ ебэны, илIыгъэ-гушхуагъэкIэ пыйхэм атекIо.

Я XX-рэ лIэшIэгъум тихэгъэгу иобщественнэ зэхэтыкIэ зэблэхъугъэ мэхъу. Советскэ тоталитарнэ идеологием илъэхъан зигугъу пшIымэ мыхъущтыгъэ Iофыгъо инхэм литературэм зафегъазэ, я 90-рэ илъэсхэр литературэмкIэ къэгъэзэгъу инхэу къычIэкIых, постмодернизмэм, аужыпкъэм, модернизмэм, экспрессионизмэм якъэгъэлъэгъокIэкъэIотэкIэ амалхэр тхакIохэм шъхьэихыгъэу агъэфедэхэу фежьэх. Мы илъэсхэр Цуекъо ЮныскIи лъэгэпIакIэ хъугъэх. Лъэпкъыр, хэгъэгур зыгъэгумэкIырэ Iофыгъо инхэм ахэлъ философиер куоу ыкIи игъэкIотыгъэу зыщызэхэпфын плъэкIыщт жанрэу романым зыфегъазэ. Жанрэ мыинхэм ащиштэгъэ лъэгапIэхэр ащкIэ лъэшэу къышъхьэпагъэх. Новеллэм, къэбарым ясюжет зэхэщакIэу мызэу-мытIоу ыгъэфедагъэр ироманхэми апкъырыхьагъэх. А нэшанэхэр IупкIэу ахэолъагъох тхакIом ироманхэу «ГъучI Тыгъужъым итаурыхъ», «Унэ плъыжь», «Щэмыохъу» зыфиIохэрэм. Романэу «Унэ плъыжь» (1991) зыфиIорэм къуаджэу Къургъокъуаерэ Шыблэкъохьаблэрэ ащыпсэурэ лIэкъолIэшхэу ГъукIэмыкъохэмрэ Дэгъунэкъохэмрэ ядунай тхакIом тыхещэ. Бысльымэн ыкъо Азмэтэу лIыжъы хъугъэу, зыIэ лъэныкъо зыпымытыжьэу я 60-рэ илъэсхэм икъуаджэ къэзыгъэзэжьыгъэм ичемодан дэлъэу ичылэжъ къыхьыжьыгъэр ахъщэп, дышъэп, данэп — ащ дэлъыр ГъукIэмыкъохэм ялIэкъо тамыгъ, дунаим зыщехыжьыщтым нэс ар ащ къыухъумагъ...

Бэ къинэу тицIыфхэм къафыкъокIыгъэр, зым ыуж адрэр итэу ахэр къызэкIэлъыкIощтыгъэх. ЩыIэныгъэмрэ цIыф психологиемрэ авторым дэгъоу зэришIэхэрэр, ныбджэгъуныгъэмрэ шIулъэгъумрэ апкъырылъ кIуачIэр цIыф зэфыщытыкIэ дахэм зэрилъапсэхэр ащ иобразхэм къытлъагъэIэсы. Шъыпкъэ, Цуекъо Юныс Iофыгъуабэмэ, лъэныкъуабэмэ къатегущыIэмэ шIоигъоу, аужыпкъэм, лъэхъаныбэ гупшысэкIэ зэрищалIэу, ретроспекцием зыритэу къыхэкIы (анахьэу ар зыхэтлъагъохэрэр ироманхэр арых). ГузэхашIэр, гум ишъэф лъыIэсырэ псалъэр къырахьакIы тхакIом игеройхэм. Ахэм адыгацIэхэр яIэ къодыеу щытэп — ахэм абгъэгу дэлъыр шIум ренэу фэщэгъэ адыгэгу.

Гуманизмэм ифилософие щыгъэлъэшыгъэу, лъэныкъуакIэкIэ ар къыщытыгъэу хъугъэ драмэ ин зыхэлъ повестыкIэу «ШэкIожъым иаужырэ тэо мэкъэнчъ» зыфиIоу джыраблагъэ журналэу «Зэкъошныгъэм» къыдэхьагъэм. Ежь авторым ицIыкIугъом ылъэгъугъэу, ыгу пытэу риубытэгъэ илъэсхэр ары тызыхищэрэр: зэошхом имашIо адыгэ чылэхэр ылыпкIагъэх, цIыфхэм ящыIэныгъэ зэтыригъэзыгъ. Хэкужъым щашIыгъэ хапIэхэр къызэранэкIхэзэ фашист техакIохэр зэкIэкIуагъэх, ау ахэр джыри чыжьэу IукIыгъэхэп: «Пшызэжъ-псыхъожъ иджабгъу нэпкъ кIыбкIэ, чыжьэкIэ-чыжьэкIэ, топыо макъэхэр джыри щызэпыухэрэ...» Мы сатырхэр повестым ирефреных, ахэр ащ иухыпIэ сатырхэуи хъугъэх. Шъырытэу, зыпкъ итэу сюжетыр Цуекъом кIещы, къэхъущтым завязкэ фэхъурэ хъугъэшIагъэр сурэт IупкIэу тапашъхьэ къырегъэуцо.

Брунэ изекIуакIэ гъэшIэгъонэу, узыIэпищэу авторым къыреIотыкIы: шъобж къызщытыращэгъэ Шыблэкъохьаблэ ымыгъэзэжьэу къызщыфэшIугъэхэ чылэу Къургъокъуае екIурэ гъогур мэхэмкIэ хьэм къызэригъотыжьырэр, ежь ГъукIэмыкъохэми хэпIэжъым къызэрагъэзэжьырэр художественнэ шъыпкъагъэ хэлъэу, зэхэугуфыкIыгъэу авторым къырегъэлъэгъукIы, охътэ хьылъэм иатмосферэ ухещэ. ГъэшIэгъонэу повестым щызэпыгъэфагъэх хъугъэ-шIагъэхэмрэ образхэм язекIокIэ гупшысакIэхэмрэ. Аужыпкъэм, хьэм ипсихологие зылIэужыгъом унаIэ тырыуигъадзэу, гум къинэжьэу, цIыфым фэдэу уапашъхьэ къырегъэуцо. КъэгущыIэрэп нахь, Брунэ зэкIэ гурэIо, зэкIэ елъэгъу, зэхешIэ. ЦIыфым фэшъыпкъэнэу, фэлэжьэнэу Тхьэм къыгъэхъугъэ хьэжъэу Брунэ зыIэкIэкIодэжьырэр ЦIыфыр ары — ар къумалэу, чылэдэсхэм зашIозыгъэбылъырэ Гусэрыкъу ары. Ау ар ЦIыфы пфэIонэп, лъэкъуитIу кIэтэу дунаим тетми.

Джащ фэдэ трагедиер икIэухми, повестым гугъэ лъагэр нахь щылъэш: заом итхьамыкIагъо нэмыкI цIыфхэм къафимыхьыгъэми, щыIэныгъэм ипшъэхъунэхэр зэригъэзынхэ ылъэкIыгъэп, унагъом, лIакъом яджэныкъо машIуи фэгъэкIосагъэп...

*ЦУАМЫКЪО Тыркубый.*

**Филологие шIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор.**

# ШакIомрэ пцэжъыяшэмрэ

IОТЭЖЬ

***(КъызкIэлъыкIорэр шышъхьэIум и 3-м къыдэкIыгъэм ит.)***

— «Сыгу къеорэр, пцэжъыеешакIэ зымышIэрэм сыкъызэрэхидзыгъэр ары», еIошъ мэтхьаусыхэ.

— Тхьаусыхэми, мытхьаусыхэми къыхэсыдзыгъах, оуием нахь мыинми, къыщигъакIэрэ щыIэп. Сыд икъыхэдз, дэгъоу къыпыхьэмэ, зыдэкIожьын щыIэп. ШIоу пшъыгъэхагъэ.

Пцэжъыяшэм гу къызIэпишIыхьажьыгъэу, зэрэмыхьаулыягъэхэм рыразэу, ащыгушIукIэу шаранитIур Iалъмэкъым зырелъхьэм, акIэхэр къищэу изы хъугъэх.

— Пуд псау къарыкIын, ащ фэдэу тегъэпсыхьагъэу къызпымыхьагъэр бэшIагъэ, коц гъэлыбжьэгъэ хьаджыгъэр IэшIуба! Ар мамрыс шIыжьыгъэмэ нэцIабгэба, укарпыкIэ ублэкIышъуна, ое ужэу ыкIи, — шъабэу къеупсэлъы зыми фэмыгъэзагъэу пцэжъыяшэм.

— Зэхэпхыгъа пасэм джэгум кIонхэ зыхъукIэ адыгэ пшъашъэхэм коц гъэжъэгъэ хьаджыгъэр зыхатакъоштыгъэу ымэ зэрэIэшIум паекIэ? — къэупчIэ шIупщыр.

— Зэхэсхыгъэ къодыя, слъэгъугъапэ нахь, боу шIоу къэсэшIэжьы. Сытакъырыгъ, сэри къызэрэсхатакъорэр имыкъоу, сагъэшхыщтыгъ ыкIи. Ащи шIокIыщтыгъэх, анапцэхэр шIомыкIыкIэ тырагъэлыкIыщтыгъ нахь дахэ хъу зышIоигъощтыгъэхэм.

— УмыIо шъыу, аущтэу ашIыщтыгъэуи?

— Олахьэ ашIыщтыгъэм! Сымылъэгъугъэмэ къэсIожьыныя?!

Ардэдэм ящэнэрэ пцэкъэнтфэу зиIуданэ дахэу псы мычъэм хэзэгъагъэм ипцэкъэнтф пакIэу гъучI папцIэр зыпылъыр фитгъуаджэу чIиIуи къымытIупщэу къэнагъ.

— Джадэу къыпыхьагъ! — зыфэмыщыIэу шIупщыр къэкууи кIиIагъ.

— Зэгу! Сэры къыхэзыдзыщтыр! — къэгузэжъуагъэу махъулъэр течъи, пцэкъэнтфыкIыр къызIэкIигъэхьагъ.

— Джае! Джае! — къыхэкуукIыгъ махъулъэр, — ар нахь къыхэщыгъуай, ыкIэ мэшIо Iадэу къыгъэщызэ къин уигъэлъэгъущт. Къулаижъыр тхьагъэпцI, карп делэм фэдэп. УемыхъоршэрыкIмэ кIожьыщт! Мамрыс къодыем къызэригъэпцIагъэр лы имыгъусэу, лыкIэ зызымышIэжьырэр мамрысымэм ыгъэделагъ, — джэе шъхьэшхор зылъэгъугъэм хэгушIукIэу къызэтыретакъо.

— УмыгъэкIожь, мардж хъужьын, — мэгуIэ шIупщыр, — IэгунэкI пэкIэ къиуцукIэу тыдэхьажьымэ, къыддэхьащхынхэба тиныбджэгъухэр!

Сыд фэдэу ыкIэ бгъуитIумкIи зэпимыгъэоу ыгъэщыгъэми, икъыхэдзын къыгъэхьылъэным пае, ар зиапэрэмышIэм иамал къыхьыгъ ыгъэпшъынэу. Емызэщыжьэу, зыдишIэу, дыригъаштэу къышIуигъэшIызэ, зэрэфаеу ыгъэпшъи, шъхьэшхо тхыцIэ шIуцIэжъыр кIэпсэдакIо хъугъэу къыхищыгъ. Ыпэрэ пцэжъыитIум зэхэтэу ионтэгъугъэкIэ афэдизэу къырадзи, зэблагъэхэм ар Iалъмэкъ шъхьаф ралъхьагъ.

— Махъулъэр, тхьакIумкIыхьэ гъэжъагъэм тецэкъахэмэ, сэ сишхончыбзи къурэ дэнагъэпышъ, тедэIун. Тыгъэр тIысыжьынкIи Iаджи къэнагъ. Ое ужым лэучэцI е мэзчэт горэ къыспэкIэфэнкIи пшIэхэщтэп.

Шъофыр къыхэмыхьажьыми, псым къыхахыгъэр икъункIэ ылъытэу махъулъэр къэпсэлъагъ ишъыпкъэу:

— Пкъынэ-лынэр зэкIэуутыгъа пIомэ, къехъоу зэкIэуутыгъ, ащкIэ хьэжъыри пщыгъупшагъэп. Икъущт непэрэмкIэ, ау узэрэмыIэсэщтыр сипэIожъ ешIэшъ, гъогумаф!

Псым хаплъэмэ рекIокIызэ, ыпэ ригъэхъумэ лъыкIуатэзэ, шакIор нэплъэгъум икIыгъ. Джэе пэкIэшхожъ горэ псыкIыIу къэхъумэ хиукIыхьан зэримурадыр нэфагъэ. Ащ фэдэ мышIи зэримыIэр зышIэщтыгъэ махъулъэр шхончэо макъэм кIэдэIукIыгъ, ау къэIугъэп. ШэкIуахьэми ишъхьахынэ хьакъу макъи щигъэтыгъ, ами-апси къэмыужьэу кIодыгъэх.

Хъырбыдзыр псынэкIэчъым джыри хэсыгъ лагъэхэр ытхьакIыжьынэу пцэжъыяшэр зыIохьэм. Мэкъуштэхэм къызэрэфагъэнагъэм уенэгуежьынэу щытыгъэп. Фикъущтым фэдиз гуибзыкIи ышхыгъ, игъусэ хэны ымышIэу иIахь къыгъэнагъ, тыгъэу гушIопсызэ къэлъэгъожьыгъэм лъыплъагъ. Ечэндым фигъэзэгъагъ игъусэ фэзэщэу къызэхъыжъ-пIыжъым. ЧIыпIэ имызэгъэжьэу пцэкъэнтфыхэри къыхихыжьыхи, зэтырищэжьыгъэх. «Бзэхыгъэ шIупщыр» — ышъхьэ къихьэгъэ къодыеу шхонч омэкъэшхо къэIугъ. Къуладжэр зэпигъаджэу псыкIыIум къырычъи, мэз кIырым хэкIодэжьыгъ джэрпэджэжьэу. Хьэнэ-гъунэм зыгорэ зэрэщиукIыгъэр нэфагъэ. Къэхъурэр ылъэгъуным щыгугъэу щысызэ, дудэкъэшхом ылъакъохэр Iалъмэкъым къищэу зелъэгъум, къыгурыIуагъ зэрэмыохъугъэр.

— Джары, сэри дудакъым сешагъ. Тымыхьаулыегъапэмэ дэгъу. О къыхэудзыгъэмкIэ тыхэпщыжьына, Тхьэм ыгъэбэгъон! Изакъоу, къыздичъырэри, зыдачъэрэри сымышIэу сапэ зыкъызешIым, семыщэрыуагъэмэ, хьэм IэпыкIыщтыгъ, псаоу къезгъэубытын симурадыгъэми.

— Икъущт къэуушэкIугъэр, тикIожьыгъуи къэсыгъ, дэхьащхын тамышIыщтмэ хъугъэ, уихъырбыдз Iахьи къыпфэзгъэнагъэшъ хьазырыпс.

Рыразэхэу чылэм къыфаузэнкIыжьыгъэу къыздэзыгъэри амышIэу Махьилэ цIыкIу апэкIэ шыоу къэлъэгъуагъ.

— Тыдэ ежьагъ жьыгъэбыу? Непэ тызIомыкIэм тыгушIогъагъ, уIукIэмэ къэгъэзэжьыр тэ къытлъыхъоу къычIэкIын, — зэраIожьыгъэу закъыгуригъэлъэсагъ.

КъяпэгэкIэу, сэламым ычIыпIэкIэ гущыIэ дыскIэ къапэгъокIыгъ:

— Сыд, ерыоджитIу, шъухьанчэрыоу шъофым шъузыкIитыр? Псым хэсыми шъушIуанэ, мэзым хэсыри къыхэшъофы, шъуIэсэжьба зэ! Сыд шъуфэмыгъотэу шъузезыфэрэр?

— Ощ нахьи тынахь ерыуаджа?! Тэ тылъэс, о ушыу. Укъепсыхыни зэщиз тыхъуным уфаеп. Оры зышъхьасыжьырэр, лъэ кIэкI. Ар сэIо шъхьае, уиш лъэбыщи ори шъозэрэгъэхьырэ хъатэ щыIэп, шъузэфэдэ къабз, тэрыми сшIэрэп зэфэдэр, — пэгъокIыгъ гущыIэкIэ зэтечыгъое пцэжъыяшэр.

— Шъузэрэерыуаджэрымыкъоу, шъуиакъыли тэрэзэп. Тэрэзмэ, зыр псым непэрэзымафэм хаплъэшъ щыс, «зыгорэ къыхэсыдзын, сшхын» еIошъ. Адрэр ыIу дэгъэзыягъэу шъофым ит тхьакIумкIыхьэ лъэщэ гъощагъэ къыпэкIафэмэ ещэрыонэу. Сэгъэшlагъо джы нэс шъуишъузмэ шъузэрашцэчырэр.

— Ярэби, пIэкIахьэрэр умыIоба, мэфэныкъокIэ тэщ узэрэнахьыжъым фэшI! О тэщ нахь удэгъушъ арыба шъузищым азыфагу уисэу пкIыб къеогъэтIэхъухэшъ узкIыщысыр, джабгъумкIэ — мыгущыIэрэр, сэмэгумкIэ — жэмыIаныр, уаужкIэ — кIау-кIаур кIэщыгъо дыхэпхыгъэу кIыбышъо Iэщыфэ зыкIябгъэшIырэр.

— Армэ, шъукъакIори шъуяупчI, ибдзыгъэкIи икIыжьыщтэп ащыщ, шъошъуиехэм чIыр IэпIэцI яшъогъэубытышъ, шъхьэчъэ-псачъэх. ПшIырыпшI къяжъугъэлъфи ешъупхыгъэх! Сэ зыпари къызэрясымыгъэлъфыгъэзи сязэгъы. Пцэжъые шъугъэрэ дудэкъэ одырэкIэ згъашхэхэрэп, тхъужъожьыгъ нахькIэ, шъоупси игъусэжьэу.

— А тхьамыкI, «шъоупсджэякI» аIоу зэхэпхыгъэба, плъэгъурэба джаем ыкIэ къызэрищырэр?

— ТхьамыкIэ шхын а зешъухьэхэрэр, гъэблэшхоми ар сшхыгъэп, цIыф тэрэз ышхынэп кIэщыгъо шъушIыгъэхэр. Зэхэдз шъуиIэп, хьэли, къоли шъушхыщт жъугъотымэ.

— Уитхьачэтхэм анахь пщэр дудакъэу мыскъарэ пшIыгъэр, лъэбыщ, ужэ бгъэтIылъмэ нахьышIу, — къыгъэгубжыгъ шэкIо шэнычъэр.

— О укъэмыгущыIэмэ нахьышIу, уимахъулъэ акъыл тIэкIу кIэрыпхыгъэшъ, зэкIэ ибгъэкъугъэкIэ олъытэ. Уишхончыжъи зэтенагъэу хэти тебгъэфэн, пцашIом ычIыпIэкIэ щыуаныжъ зэрэуузэндырэр! Сэмэгум тебгъэпсыхьэмэ, джабгъумкIэ мэбыбы уищыуаныжъ. Дудэкъэ тхьамыкIэ горэ уаем ыгъэшъугъэмэ, Iэрыубыт пшIыгъэ е грекмэ ятхьачэт хъубгэ хэбгъэфагъ нахь, къэуукIыгъи щыIэп. Арэу ущэрыомэ, къытегъаф, ублэунышъ, уищыуаныжъ къуджырым ибыбэщт!

Онэгум къыриIэтыкIи ыпхэ хъурае пэчIынатIэу къыфиузэнкIыгъ, шъузищмэ агъатхъэзэ зэIэтхъыным нагъэсыгъэм. Арыти щэрыожъыр зыфэягъэр, нэгъэупIэпIэгъу римыгъафэу ишхонч къэуагъ. Щэпкъэу шхончым илъыр зэкIэ дысэу ыпхэ хисагъ.

— ОуитIур-оуищ, хьаджэмэ ягуащ! — къыIонэу игъо ифагъ.

Шы фэигъоу омакъэм къыкIигъэщтагъэм зимышIэжьэу кIиIагъ. «Тр-р-р» макъэр къэмыIужь охъуфэкIэ кIэлъыплъагъэхэми, къэмыуцоу чылэм дэлъэдэжьыгъ.

— О-уиу, пIэкIэукIэри, — ымакъэ ефэхыгъэу, аущтэу хъущтми емыгуцэфэгъэ махъулъэм къыIэкIэIуагъ.

— Ифэшъуаш. УмыукIыщтмэ сыд епшIэщт къаигъэжъ цIыкIум?! Къэоен зыхъукIэ ыпхэ епIэстхъыжьэу дунаим тетыщт, цIыфми загъэпсэфын. ЗышIомынэрэр къэмыхъугъэр ары ныIэп, — игухьэ-гужъ джыри мыIэсагъэу мэкъэ лъэшкIэ къыIуагъ шакIом.

— Синасып къэсчъыхьэ зэхъум сызэримылъэгъугъэр, сэлIэжьыфэ къысихъоныжьыщтыгъ. Шыблэ удж сешIэмэ къыгурыIощтыгъа мо огъурцызым?! — хэгъумтIымыкIызэ къыхигъэхъуагъ шэкIо кIочIэжъым. — Сыд слъэгъун, сIотэжьыным къыгъэшIагъэм хэкIырэп. ИIоржъорын къэмэкIэнба, зишыжъ хьэмэ ашхыным шыоу тыкъызэригъотыгъэр плъэгъурэба? Уцуи, тIыси иIэп, дунаим тытыригъэтырэп. Зыдгъэпсэфын иуIагъэхэр мэкIыжьыфэхэкIэ.

Цыдыжъ цIыкIум зэщифыгъэ лIитIум къащышIыгъэми, мафэр зэрагъэкIуагъэми рыразэхэу чылэм къыфаузэнкIыжьыгъ. ЯкIэлэгъур зыщагъэкIогъэ хэгъуашъхьэр къызэблагъэм, къэзымыгъэзэжьыщт лъэхъан гушIуагъом къынэсыжьыгъэхэу гугъэхэзэ, якIо рагъэхъугъ. КъаушэкIугъэхэр къяхьылъэкIыми, ащыгушIукIхэу тегущыIыкIхэзэ гъогур агъэкIэкIыгъ. Зимылъкуи, зибылыми, зиакъыли зэхэлъ нэбгыритIоу азыфагу дэикIэ уихьэмэ нэмыплъ зэзытыжьыщтхэм ащымыщхэр шакIом иунэу къэблэгъагъэм къеужьырыгъэх. Есэгъагъэх къаушэкIугъэри, къыхадзыгъэри зэкIэ рагъэолIэжьэу, кIэщысыхьыжь щашIыжьэу, кIэщыгъо къэбарым зырагъэукIыхьэу зэфаIотэжьэу. Мэфэ тхъагъоу шакIомрэ пцэжъыяшэмрэ къякIугъэр ахэм ащыщыгъ.

***КЪАТ Теуцожь.***

# Тыбзэ къэтэжъугъэухъум!

Мэкъуогъум и 16-м къыдэкIыгъэ «Адыгэ макъэм» Сихъу Гощнагъо итхыгъэу къихьагъэм лъэшэу сигъэгушIуагъ. Лъэпкъым ыбзэу зынахь лъапIэ щымыIэм рымыгущыIэжьэу, реджэн ымылъэкIэу щыIэр нахьыбэ зэрэхъурэм бэдэдэ шIагъэу сэ сшъхьэкIэ сигъэгумэкIыщтыгъ. О убзэ умыгъэлъапIэу, уасэ фэмышIымэ, зыпари къыпфэгумэкIыщтэп. Къалэм щыпсэухэрэм ямызакъоу, чылэхэм адэсхэми абзэ Iэпэдэлэл ашIы. Ар гукъау. Къуаджэу, пстэури адыгабзэкIэ зыщыгущыIэу, нахьыбэу шэн-хабзэхэр къызыдэнагъэхэм убзэ щыпIэкIэзыныр хьайнапэ ыкIи емыкIу дэд.

Бзэм имызакъоу, тихабзэхэри чIэнагъэ зэрэхъухэрэр хэти инэрылъэгъу. Тиджэгухэр зэрэзэхащэхэрэм, зыфэпэкIэ дэеу къытхэхьагъэм язакъоми, узыгъэгумэкIын икъун тиI. Сабыйхэм яцIыкIугъом къыщыублагъэу бзэм, хабзэхэм афэгъэхьыгъэу зэхахын фаер зэхахызэ къэтэджыхэмэ, тилъэпкъ ыбзэ зэрэбаир, хэбзэ дахэхэр зэрэтиIагъэхэр къагурыIощт. Адыгэ пшысэмэ, усэмэ, прозэм яджэнхэм фэщэгъэнхэр игъоу къаIэтыгъ. Ягухэлъхэр Тхьэм зэпегъафэх. Лъэшэу угу къео «Адыгэ макъэм» кIэтхэнхэу фэмыехэу, «адыгабзэкIэ теджэшъурэп» аIо зыхъукIэ. Уилъэпкъ огъэлъапIэу, уасэ фэошIымэ, убзэ умышIэныр емыкIушху. Тхьэм дунэе дахэу къыуитыгъэр гъэдахэ, убзэ уреджэныр, уиорэд, гъыбзэу уилъэпкъ иIэхэр псэ къапыбгъакIэу убзэкIэ къэпIонхэр, лъагэу пIэтынхэр хэти ипшъэрылъ.

Республикэ ухъугъэу убзэ еджапIэхэм ачIэмылъэу, нарт къэбархэм кIалэхэр ахэмыдаIохэмэ, хэта щысэ зытырахыщтыр? ИлъэсипшI пчъагъэ хъугъэ нэмыкI лъэпкъхэр къызытхэсыхэр, тызэгурэIо, тызэдэпсэу. Ащ ишыхьат ахэм ащыщхэм тыбзэ зэрэзэрагъашIэрэр. Адыгэ телевидением иIофышIэу Наталья Шевляковар щысэшIу. Адыгабзэр ыгъэбзэрабзэу къэгущыIэ зыхъукIэ, ущымыгушIукIын плъэкIырэп. Аущтэу а пшъэшъэжъыер тыбзэ рыгущыIэу, о уадыгэу умышIэныр емыкIушху. ТилъэпкъэгъоуIэкIыбым щыIэхэр хымэ къэралыгъо исых нахь мышIэми, яныдэлъфыбзэ къаухъумэ. Лъэпкъ Iофхэм агъэгумэкIэу, апылъхэм зэкIэми сафэраз, ягухэлъхэр къадэхъухэу, псаунparam гъэ яIэу бэрэ къытхэтынхэу сафэлъаIо. Тхьэм бэрэ тырегъаIэх Унэрэкъо Рае, Чэмышъо Гъазый, ШъэуапцIэкъо Аминэт, Шъхьэлэхъо Светэ. Мыхэм афэдэу лъэпкъым фэгумэкIырэ цIыфхэр нахьыбэу къытхэтхэмэ тыбзи, тишэн-хабзэхэри мыкIодыпэнхэмкIэ гугъапIэ щыIэщт.

***ХЬАГЪУНДЭКЪО Щамсэт.***

Мамхыгъ.

УСАКIОУ ТЕУЦОЖЬ ЦЫГЪО КЪЫЗЫХЪУГЪЭР ИЛЪЭСИ 155-рэ МЭХЪУ

# Иусэхэр щыIэныгъэм фэблэх

*(КъызыкIэлъыкIорэр шышъхьэIум и 12-м къыдэкIыгъэ номерым ит).*



Теуцожь Цыгъу.

Нэиутым зэрэпэчыжьэми ар къеIэты, къэухьаныр джары къызкIыхихырэр. УсакIом иныдэлъфыбзэ лъэш дэд ыкIи гъунэнчъ. Адыгэ лъэпкъыжъым ибзэ къыпкъырэкIышъ иныы, джадэ. Джары анахьэу къэзыгъэшъуашIорэри, лъагэу зызкIиIэтырэри. Нэиутым пкIэ зэримыIэр ыушэтыгъахэу, къыкIэлъыкIощт ныбжьыкIэхэм къафэсакъызэ закъыфегъазэ, къялъэIу, къяубзэ, Тхьэ афелъэIу. «Тхьэр сакъ, шъузфэсакъыжьыкIэ» — къяушъыи, янасып лъэгэнэу афэлъаIо нахькIэ, шэнычъэгъэ IофкIэ къяджэрэп. Ушъыир ыпэ регъэшъы. КъяхъулIэгъэ тхьамыкIэгъошхор щэIэгъуаеми, акъылкIэ, IушыгъэкIэ пэгъокIынхэу къяджэ цIыф Iушыр нахьыкIэхэм. Цыгъо Тхьэм къыритыгъэу Iуш, иакъыл зыпкъ итэу лъэпкъым къехъулIэщтым фэгумэкIы. ПыупкIыгъэкIэжьым хэтэп, ащ фэдэ амалыр щегъэзые, игущыIэ сэшхо лъыгъэу чаными, къырихырэп, ищыкIагъэу ылъытэрэпышъ:

*ТикIэлакIэу тхэтымэ якIый*
*макъэм уашъом пхеуты,*
*Пхэзыутыныщджэ таукIи тэ.*
*Тэ тиукIыпIэм шъуемыгупшыс*
*Шъуисабыеу къэнагъэхэм яхъяр*
*шъолъэгъу.*

УпчIэ фимыкъужьэу къэуцу. Къуаджэм нахь чыжьэ къыгъэшIагъэм мыкIогъэ адыгэ лIыжъ цIыкIоу, зыIупшIэ хъублаблэщтыгъэ зэпытым тыдэ къырихыгъэха мощ фэдэ гущыIэ лъэш зафэхэр? ТхакIи еджакIи зымышIэщтыгъэм, мы гущыIэхэм акIоцIылъхьэгъэ мэхьанэр хэта къезыIуагъэр? Иджэуап емытыжьыгъошIуми къэIогъэн фай Цыгъо лъэпкъ гупшысэр зэриIагъэр, ащ ишапхъэхэм зэрарытыгъэр, адыгэ лъэпкъыр Цыгъо ыIупэкIэ къызэрэгущыIагъэр. УсэкIошхор адыгэ лъэпкъым къылъфи зэрипIужьыгъэр ащкIэ къыгъэлъэгъуагъ. Джары осэнчъэ зышIырэри, зыкIэмыпкIыжьыхэрэри, жъы зыкIэмыхъухэрэри иусэхэр. **Адыгэ лIыжъ Iуш къодыягъэп, усэкIошхуагъ, философыгъ, эпическэ мэхьанэшхо яIагъ илэжьыгъэхэм. Сыдрэ лъэпкъ ылъэгъугъэми, уащымыукIытыхьанэу яшъуашэкIи якупкIыкIи гъэпсыгъагъэх.**

*Тэщ фэдэ гущэ хэты елъэгъу?*
*Тыпсаузэ тибэн тыIукIэй.*
*Тпсэ хэмыкIэу машэм тырадзэй.*
*Титхьэ шIу къытферэшIэжьи*
*КъытщышIыгъэ къиным тырыраз.*

Теуцожь Цыгъо ифилософ гупшысэхэр гъыбзэм икъегъэжьэгъум щыублагъэу икIэухым нэс пхырещых. ЧIыпIэ-чIыпIэхэу щымытхэу, зэдыпэбгъоу, шъобгэу, пкъы пытэхэу хэтых. КIуачIэ къезытыхэрэм апэрэу щыщых, ыпкъых, ышъхьэх, ыгух. ЫлъапсэкI игъыбзэ ыкIи ишъуашэх. Сыд фэдэрэ къин цIыфым ылъэгъугъэми, зэриIотэжьыщтым ицыхьэ телъэу кIегъэгушIу. Сатыр пэпчъ гугъэр игъус, чэщ шIункIым мэфэ нэфыр къызэрэкIэлъыкIощтым укIегъэгушIу. АфэшъумыгъэгъукIэ къаджэрэп, щыIэныгъэр рэхьатэу ыпэ регъэшъы. ТхьамыкIагъом къымыгъэзэжьыным зэрилъэкIэу ущеухъумэ. «Шъусакъ, цIыфхэр!» — къеджэ усэкIошхор. АкъылышIор илъэпкъэгъухэр насыпышIонхэу, тхъэжьынхэу къяушъыи зэпытэу.

*Шъхьэгуащэм икIэфарзэм тикъэ*
*къебэкIы*
*ПэсаIоу шъукъытIукIагъэмэ*
*«Мыр хэт» — шъуIоу*
*шъуупчIэжьыныеп.*

Тхьэр къетагъ зыфаIощтыгъэхэм Теуцожь Цыгъо ащыщыгъ, къызхэхьухьэгъэ лъэхьаныр хэбзэ зэблэкIыгъоу, шэн зэтефэгъуаеу, цIыф гъэдэIон-зещэныр мыIэшIэхыгъэми, къэзыгъэшIыгъэр къыфэупсэжьи игъом ищыкIагъэр ыжэ къыдигъэкIыгъ, ыгуи къыригъэкIыгъ. **ЗыкIи хэукъуагъэп Цыгъо, ежь зэриIощтыгъэу, насыпышIуагъ. ИпоэмитIу яинагъэкIэ уашъом кIэох, адыгэ лъэпкъым елъытыгъэ напэх. Цыгъуи насыпышIо бэгъашIэ илэжьыгъэхэм ашIыгъ, адыгэ лъэпкъыри аригъэшIагъ, дунаим тизышIыгъ: «Мафэкъо Урысбый» фэшъхьаф къыпкъырымыкIыгъэми Цыгъо цIэрыIощтыгъэ. Усэ зэфэшъхьафыбэу зэхилъхьагъэхэми джа нэшанэхэр къахэщых, зыгорэхэм ахэгъэкIокIэгъуаех, сыдрэ IофкIи уагъэгъэощэщтэп. Хэт фэгъэзагъэхэми къэшIэжьыгъошIух, гугъатхъэх, гурыIогъошIух. ШIум фэгъэхьыгъэр гурыIогъошIунба?**

*Тэ къэтIогъэ заулэр*
*Тихьадэмэ ятхьамыкIагъу.*
*Тыгъы зэпытынкIи нэпсыр*
*тфимыкъу.*
*Тфимыкъущтыгъэ унэм нэкIэу*
*тихьажьи.*
*Пчыхьашъхьэ унэм*
*тихьажьымэ, —*
*Ныбжьыкъум къытегъэгъазэ,*
*Тхьэ зэтагъэ гущэм ибын*
*къыгъэзэжьыгъ.*
*Гъобэкъоае шъузхэм ятхьаусых...*

Теуцожь Цыгъо игъыбзэ художественнэ мэхьанэм имызакъоу тарихъ мэхьани иI. Хэгъэгу кIоцIым заоу къихъухьагъэм, ащ къыкIэлъыкIуагъэм ущегъэгъуазэ, заом нэлат рехы.

Теуцожь Цыгъо сурэтышIэшху, игущыIэ пэпчъкIэ жэрыIо сурэт къышIыгъ, усурэтышIмэ ащ гу лъытэгъошIу. Хэт ылъэгъугъэми шъуашэ ыкIи шъуашIох, уяплъы зэпытыгъэми уязэщырэп.

Теуцожь Цыгъо орэдыIошху, иорэд макъэ шъхьафы, псэ пытэ хэлъ. Иусэхэр орэд закIэу зэгъэкIугъэх, мэкъамэ акIэт. НыбжьыкIэхэми адештэх, лIыжъхэми дежъыунхэ алъэкIыщт. Зы нэбгырэми купыми къаIошъунхэу гъэпсыгъэх. Сатыр пэпчъ орэдышъо пылъ, усэмрэ орэдымрэ яхэбзэ шапхъэ илъыхэу зэдештэх. Дысыхэп, уфэ-упцIэхэу Iэрыфэгъух, гъунэнчъэу якъэIуакIэкIэ къызэрыкIохэми, ямэхьанэкIэ кIочIэшхох. Къушъхьэ сыджэм ябгъэшIэнхэу лъагэх, иных. Инынхэба лъэпкъыжъыбзэр ыгъэфедагъ къыгъэкIэлэжьэу, адыгэ лъэпкъыр арыба ежь фэдэ бзэжъыри къэзыугупшысыгъэр? Джар иIэшагъ Теуцожь Цыгъо, джары мыкIодыжьын уасэр къызкIилэжьыгъэр.



Тым икъам.

Сэ сыгу илъ зэпыт Теуцожь Цыгъо, синыдэлъфыбзэкIэ сигъэразэу усагъэшъ. Сурэтэу сшIыгъэм инахьыбэр епхыгъэшъ сикъоджэгъу сырэпагэ, сырэгушхо, сыфэсакъызэ итхыгъэхэр зэпырысэгъазэх.



ГъашIэм ичъыг.

Непэ Цыгъо илъэсишъэрэ шъэныкъорэ тфырэ зыщыхъурэм игугъу къэсшIы сшIоигъу — усакIом ыцIэ чылэм тырахыжьыгъ, АдыгэкIалэ ащ ыцIэ раIожьырэп. Пэнэжьыкъуае Теуцожь Цыгъо ихьадэ дэлъ, ары зыщагъэтIылъыжьыгъэри. Пэнэжьыкъуае районыр дахыжьи, а къуаджэм дэсхэр ибэ папкIэу къэнэжьыгъагъэх. ИкIэрыкIэу район гупчэ зашIыжьым, зэрэреспубликэу ягушIогъуагъ, джыри зы район къыхэхьожьыгъ. УсэкIошхом ыцIэ районым зэрихьырэм къегъэшъуашэ, цIыфэу исхэм теубытагъэрэ шIошъхъуныгъэшхорэ къахелъхьэ щыIэныгъэм фаблэу псэунхэмкIэ.

*КЪАТ Теуцожь.*
**Урысыем итхакIохэм ыкIи ижурналистхэм ясоюзхэм ахэт.**
*Сурэтхэр авторым ихэх.*

# Къинэу алъэгъугъэр бэ

1941-рэ илъэсым Хэгъэгу зэошхор къежьагъ, фашист техакIохэр тикъэралыгъо къытебэнагъэх. Дэгъоу къэсэшIэжьы заом илъэхьани ззо ужми цIыфхэм къинэу алъэгъугъэр. Заор къызежьэм илъэсэ 8 сыныбжьыгъ. СынитIукIэ слъэгъупагъэ кумэ арагъэтIысхьэхэзэ, Iашэ зыIыгъын, заом Iухьан зылъэкIыщтыр тикъуаджэу Гъобэкъуае зэрэдащыгъэр. А лъэхъаным куохьаурэ гъы макъэрэ чылэм дэIукIыщтыгъэр егъашIи сщымыгъупшэжьынэу сыгу къинагъ.

Чылэм къыдэнэгъагъэхэр хъулъфыгъэ нэжъ-Iужъхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ. Хъулъфыгъэ ыкIи бзылъфыгъэ Iофыр зэкIэ къоджэ шъузхэм апшъэ илъ хъугъэ. Бзылъфыгъэхэр тракторхэм атесыгъэх, хъулъфыгъэ нэжъ-Iужъхэр акIыгъухэу коцыр аупкIэти, бгъанэ ашIызэ комбайнэм рагъэIожьыщтыгъ. Фронтым Iутхэм ашхыщтымрэ ащыгъыщтымрэ тылым щыIэмэ агъэхьазырыщтыгъ. ЗэкIэ аIитIукIэ ашIэщтыгъ. Илъэс 13-м къыщегъэжьагъэу 18-м нэс зыныбжь кIэлакIэхэр бзылъфыгъэхэм акIэтэкъуагъэхэу Iоф ашIэщтыгъ. КIэлэ ныбжьыкIэхэр пцIанэхэу, лъапцIэхэу, алъэкIапIэхэр бжанлэхэм ратхыгъэу Iоф ашIэщтыгъ. Ашъи икъун агъотыщтыгъэп.

Тянэ сыкIыгъоу губгъом сыкIощтыгъ. Гъаблэм ымыгъэлIэнхэу пIэстэ бэлэгъэшъхьэ зырыз къаратыщтыгъэ, сэри ащ тIэкIу сыкъыхиубытэщтыгъэ. ГощакIомэ пIэстэ тIэкIу къысатыщтыгъ, тянэ къыIукIагъэм щыщ тIэкIуи ащ къыхигъахъощтыгъ. Губгъом итхэм агу сысызэ Iоф ашIэщтыгъ чылэм щыхъурэм щымыгъуазэхэу. Шыу горэ губгъом къихьэу залъэгъукIэ, «хэта Тхьэр зэуагъэу повесткэр къызыфахьырэр?» аIощтыгъэ.

Чылэм дэс унагъохэм ахэтыгъэх нэбгырабэ зэрашыгъэхэр. Бэрэ къыхэкIыщтыгъ зы унагъом извещение къыфахьыгъэу хьадагъэ итызэ, ятIонэрэри ащ къыкIэлъыкIоу къызыIукIэщтыгъэхэр. ТхьамыкIэгъо лъэхъаныгъ а уахътэр. Ащ нахь дэгъугъэп зэоуж лъэхъанри. Пыим зэщигъэкъогъэ псэуэри зыпкъ игъэуцожьыгъэн фэягъэ. Ащ фэшI тицIыфхэм афэлъэкIыщтэу зи къызтырагъэнагъэп.

*НЭМЫТIЭКЪО Ибрахьим.*

ЛЪЭПКЪ ШIЭЖЬЫМРЭ ЛЪЭХЪАНЫМРЭ

# Плъэгъурэм уишIэныгъэ къыхегъахъо



**Нажьэ Мунзир Сирием икъуаджэу Нэжьэхьаблэ къыщыхъугъ, адыгэ унагъом щапIугъ, биологиемкIэ кIэлэегъадж, шъэуитIурэ пшъэшъитIурэ иI, зигъэпсэфынэу Адыгэ Республикэм къэкIуагъэу тыIукIагъ. Ащ сыд фэдиз къэбар къыIотагъэми, уезэщырэп, сэмэркъэур икIас. Ибысымэу, Урысыем инароднэ сурэтышIэу Къат Теуцожь къызэрэтиIуагъэу, щыIэныгъэр зышIогъэшIэгъон цIыфмэ Мунзир ащыщ.**

— Къалэу Хъом кIэлэегъаджэу Iоф щысшIагъ, — еIо Нажьэ Мунзир. — АрапыбзэкIэ биологиер язгъашIэщтыгъ.

***— Хьисапыр, тарихъыр, литературэр, физикэр — ахэр нахь тищыкIагъэмэ ащыщых. Биологиер лъэшэу пшIогъэшIэгъоныгъа?***

— ЦIыфым фэбгъэгъун фаехэр биологием къыуегъэгъотых. Псэ зыпытэу дунаим тетмэ уахещэшъ, агу къызэрэтеорэм урегъэдэIу, ящыIакIэ къыбгурегъаIо.

***— Уисэнэхьат зэблэпхъу пшIоигъоу уахътэ къыокIугъэба?***

— ОшIа, IофшIэным «узыхилъасэкIэ», нэмыкI сэнэхьат узэрэлъыхъущтыр арэп узэгупшысэрэр. Узыфэгъэзагъэр нахь дэгъоу зэрэбгъэцэкIэщтым упылъ.

***— Пенсием укIуагъэу къысэпIуагъ. Зы еджапIэм уIумыкIэу ащ фэдизым Iоф пшIагъа?***

— Сирием илъэс 20, Алжир илъэси 4, Эмиратхэм илъэси 6 Iоф ащысшIагъ. СыкIэгъожьырэп хэгъэгу зэфэшъхьафхэм сащылэжьэнэу зэрэхъугъэм пае.

***— Биологиер тыдэ укIуагъэми биологиеу къэнэжьы, ау кIэлэегъаджэу зэфэмыдэ хэгъэгумэ уащыпсэуныр къиныгъэба?***

— Ары. Хэгъэгухэр зэфэдэхэп. Сирием къэсыубырэп, ау Алжир кIэлэегъаджэм иIофшIэн нахь зэрэщагъэлъапIэрэр къэсIощт. КIэлэеджакIомэ хэпшIыкIэу афэгумэкIых. Я 11 — 12-рэ классхэр къаухынхэу амалышIухэр аратых.

***— Я 11 — 12-рэ классхэр къэзыухырэмэ сыда шIуагъэу ащ хахырэр?***

— Классым пэшIорыгъэшъэу кIэлэеджэкIо 20 — 40 исын ылъэкIыщт, ау къэзыухырэр 10-м емыхъоу къыхэкIы. Я 12-рэ классым ыуж университетэу зыфаехэм ушэтынхэр амытхэу аштэх. НэмыкIхэр я 9 — 10-рэ классхэм оценкэу къащахьыщтыгъэм елъытыгъэу еджапIэхэм аштэх. Ушэтыныр атызэ зэплъэкIыхэ зыхъукIэ, чIэбгъэкIынхэ уфит. ГущыIэм пае, балл 220-рэ изыгъэкъугъэр врачэу аштэ, 5-кIэ ащ нахь макIэр инженер сэнэхьатым феджэщт, ащ 5-кIэ нахь макIэм экономикэм зыфигъэсэщт.

## Адыгабзэм икъиныгъохэр

***— Мунзир, адыгабзэр дэгъоу ошIэ. Уфэзыгъэсагъэр къытаIоба?***

— Адыгэ унагъом сыщапIугъ, адыгабзэкIэ сяни сяти къызэгущыIэщтыгъэх. АдыгабзэкIэ телекъэтынхэр зэхащэх — ари дэгъу. Адыгабзэр зэбгъэшIэнэу уфаемэ, къинэп.

***— Илъэс 20 зытешIэкIэ нахьышIум тыфэкIощта? Тилъэпкъэгъоу къэзыгъэзэжьырэмэ япчъагъэ хэхъощта?***

— Укощыныр къин. Адыгэмэ заIэтыныр къяхьылъэкIы. Илъэси 100-м нахьыбэрэ пачъыхьэм езэуагъэх — ячIыгу къамыбгынэным фэшI. Хэта къэзыгъэзэжьыщтыр? Ахъщэшхо яIэп. Унэу зычIэсыщтхэм, IофшIэнэу яIэщтым, фэшъхьафхэми ягупшысэх.

***— Хэкур ащыгъупшэнэу къыпщэхъуа?***

— Къысщыхъурэп. ХэкумкIэ анэIу къэгъэзагъ, къэкIонэу фаер макIэп. Илъэс 20 — 30 тешIэмэ адыгэмэ къяхъулIэщтыр сшIэрэп, ау къэсIонэу сызыфаер къэптхы сшIоигъу. Лъэпкъ шIулъэгъур, лъэпкъ гупшысэр чIэтынэщтэп.

***— Адыгэ быракъыр, тиорэдхэр, спектаклэхэр, спорт къэбархэр щыIэныгъэм къыщыхэшъогъэщыха?***

— Адыгэ орэдхэр дискмэ атетхагъэхэу унагъомэ ащэIух, адыгэ орэдхэр къэзыIорэмэ япчъагъи хэхъо. Адыгэ быракъым исурэт машинэмэ атешIыхьагъ. Тибыракъ итарихъ къыкIэупчIэх. Жъогъо 12-р къагурэIо, ау щэбзищым имэхьанэ зэкIэми ашIэрэп.

***— НэмыкI упчIэ яIэба?***

— Зэкъош республикэхэр хэкум зэрэщыпсэухэрэм къыкIэупчIэх. Къэбар зэхахы ашIоигъу. Ащ пае телевидениер, Интернетыр, радиор, гъэзетхэр нахьышIоу дгъэфедэхэ, зэлъыIэсыкIэ амалхэм талъыхъу тшIоигъу.

***— ЦIыф тхьаусыхалэмэ уаIокIа, уагурэIуа?***

— Ухъулъфыгъэу утхьаусыхэу ущысыныр къезгъэкIухэрэп. Тхьаусыхалэм иIоф кIэкIырэп. ДгъэпсыкIэн тлъэкIыщт Iофэу щыIэр макIэп.

***— СурэтышI цIэрыIоу, тхакIоу Къат Теуцожьрэ орырэ шъузэгъус. IэутIэхэр шъуушIыхэзэ шъугущыIэу зэп шъузэрэслъэгъугъэр. Зыгорэмэ шъуагъэгумэкIа?***

— Теуцожьрэ сэрырэ титеплъэкIэ лъэшэу тызэтекIырэп, тызэфагъадэуи къыхэкIы. Лъэпкъ гупшысэу Теуцожь къызыдырихьакIырэр исурэтхэмкIэ, итхыгъэхэмкIэ, ищыIэныгъэкIэ къеIуатэ. Мыекъуапэ къызэдэткIухьэзэ тызыIукIэрэ цIыфхэр сэгъэшIагъох, лъэпкъ шIэжь яI, адыгагъэр агъэлъапIэ.

## Адыгэ цIэрыIохэр

***— Сирием адыгэ цIэрыIохэр исыхэба? УаIукIэу къыхэкIа?***

— Ахэр бэ мэхъух. Джэуадэ Анзор адыгэ кIалэхэр зыхэт дзэ лъэш зэхищи, Израиль идзэкIолIмэ лIыхъужъэу язэуагъ. Анзор ыш икIалэу Нэджэт фильмэхэр тырехых. Шыухэр Къэбэртэе шъолъырым къырещыхэшъ, фильмэм хегъэлажьэх. Арабхэри шым тесыхэу тэлъэгъух, ау адыгэмэ афэдэхэп, шы спортым фэIэпэIасэхэп.

***— Мунзир, уикIалэхэр Адыгеим щебгъэджагъэх. КIэгъожьыгъэха?***

— ШIукIэ агу къагъэкIыжьы. Симазэрэ Рыгъуазэрэ сипшъашъэх, Мурадрэ Ождыйрэ сишъаох. ЗэкIэми щыIэныгъэм зыкъыщагъоты, адыгабзэр ашIэ.

***— Сирием зыбгъэзэжьыщтым сыкъыкIэупчIэрэп. Гъобэкъуае укIонэу угу къыуиIорэба?***

— Теуцожь Цыгъо фэгъэхьыгъэ зэхахьэмэ сахэлэжьэным сыдэгуIэ. Гъобэкъуае чылэ гъэшIэгъон, хэкум ит къуаджэмэ итарихъкIи, псэукIэу иIэмкIи къахэщы. Адыгеим укъэкIуагъэу Гъобэкъуае зэмыгъэлъэгъуныр тэрэзыхэп.

***— Джыри сыда къапIо пшIоигъор?***

— Тхьаегъэпсэух уахътэ къэзыгъоти къызэдэгущыIагъэхэр. Гъэзетэу «Адыгэ макъэм» иредактор шъхьаIэу Дэрбэ Тимур редакцием тыригъэблагъи, лъэпкъ зэпхыныгъэхэм, адыгабзэм изегъэшIэн тэтегущыIагъ. Лъэпкъ шIэжьэу тиIэм зэрэхэдгъахъорэм сегъэгушхо.

***— УигухэлъышIухэр Тхьэм къыбдегъэхъух.***

— Тхьауегъэпсэу.

Сурэтым итыр: **Нажьэ Мунзир.**

ФИЗКУЛЬТУРНИКЫМ И МАФЭ ИПЭГЪОКI

# УзыгъэгушIонэу щыIэр макIэп

**Физкультурникым и Мафэ фэгъэхьыгъэ зэхахьэу Мыекъуапэ щыкIуагъэм тренер-кIэлэегъаджэхэр, кIэлэцIыкIу-ныбжьыкIэ спорт еджапIэмэ япащэхэр, Адыгэ Республикэм испорт лъагэу зыIэтыхэрэр хэлэжьагъэх. АР-м физкультурэмкIэ ыкIи спортымкIэ и Комитет итхьаматэ игуадзэу Джармэкъо Юсыф зэхахьэм къыщыгущыIагъ, щытхъу тхылъхэр спортым иIофышIэмэ аритыжьыгъэх.**



Щытхъу тхылъхэр зэратыжьыгъэхэ тренер-кIэлэегъаджэхэр.

АР-м стадионхэр, спорт псэуалъэхэр зэрэщашIыхэрэм, тиспортсменхэм зэнэкъокъумэ медальхэр къазэрэщахьыхэрэм, Урысыем ихэшыпыкIыгъэ командэхэм Адыгеим щапIугъэхэр зэрахэтхэм Джармэкъо Юсыф къатегущыIагъ. Адыгеим и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан, Парламентымрэ Правительствэмрэ спорт псэуалъэмэ зягъэушъомбгъугъэным фэшI зэхэщэн Iофыгъоу зэрахьэхэрэм ягугъу къышIыгъ.

— Аужырэ илъэсищым къыкIоцI Адыгеим спорт псэуалъэу щашIыгъэм ыкIи щырагъэжьагъэм фэдиз Адыгэ хэкур щэIэфэ иIагъэп, — къыIуагъ Ю. Джармэкъом.

Щытхъу тхылъхэр зэратыжьыгъэмэ ащыщых Ирина Манченкэр, Заурим Тимур, Къэлэшъэо Аскэр, Владислав Новарчук, Пэнэшъу Мыхьамодэ, Хъуажъ Мэджыдэ, Сергей Двойниковыр, Хьабэхъу Адамэ, Хъот Юныс, Андрей Чечиныр, Андрей Синельниковыр, Бастэ Сэлымэ, Анатолий Москаленкэр, Станислав Запрелюк, нэмыкIхэри.

*НэкIубгъом итхэр зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*

Зэхэзыщагъэхэр:
Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

КъыдэзыгъэкIырэр:
Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет
Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

Редактор шъхьаIэр
ДЭРБЭ ТИМУР

Редакциер зыдэщыIэр:
385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
Телефонхэр:
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэрпшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
E-mail:
adygvoice@mail.ru

Зыщаушыхьатыгъэр:
Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр ПИ №10-3892

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкIэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкIыжь ахьы. Къэтхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкIэхэр зэтемыфэн ылъэкIыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкIи къэзытхыгъэхэм аIэкIэдгъэхьажьыхэрэп.

Зыщыхаутырэр
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

Пчъагъэр
5245
Индексхэр
52161
52162
Зак.2320

Хэутыным узэщыкIэтхэнэу щыт уахътэр
Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр
Сыхьатыр 18.00